# МагIаруллай

Хъизаналъго цIализе журнал

№ 4 / 2026

| РатIлил тарих | Искусство | Юбилей | ГIадатал |
|---|---|---|---|
| *Макс Тилькел суратазда кавказалъул ретIел* | *БецIдерил ракьалда тIатараб жавгьар* | *РикIкIадаб магIаруллъи Бихьана, гьудул, макьилъ…* | *Дагъистаналъул бертаби: сонги жакъаги* |



## Асият МухIамадова

*«ГIицIго гIадамазе лъикIлъи гьабизе…»*

«Женщина Дагестана»
***на аварском языке***
№ 4/2026

***Учредитель:***
Министерство цифрового развития, информации и печати Республики Дагестан.

***Главный редактор***
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru

***Редакционная коллегия:***
***заместитель главного редактора***
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru

***Ответственный секретарь***
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru

***Редактор русского выпуска***
А. М. Бабаева aida-babayeva2012@yandex.ru

***Редактор аварского выпуска***
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru

***Редактор даргинского выпуска***
П. М. Сулейманова zehra.fatimat@mail.ru

***Редактор кумыкского выпуска***
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru

***Редактор лакского выпуска***
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru

***Редактор лезгинского выпуска***
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru

***Редактор табасаранского выпуска***
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru

***Корреспонденты:***
А. Тажудинова, В. Ратенкова, Р. Бакидов, С. Эмирова

***Художественный редактор***
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru

***Адрес редакции и издателя:***
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru
Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД «Дагестанское книжное издательство «Даггосиздат».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.

***Телефоны редакции:***
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 25.08.2026 г.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 0702. Тираж (2622) 530 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г.
Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05–00429 выдан Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

***Арт-директор*** – М. Ю. Моллакаев (MagHazar)

# *Журналалда руго*


1 Редакторасул калам
***РачIа нилъерабго бокьизе!***

2 Махщалилай
***«ГIищIго гIадамазе лъикIлъи гьабизе...»***

6 ТIоцересезул цояй
***Дица дирго налъи тIубана...***

10 МахщелчIужу
***«Рокьулъ буго бальголъи»***

14 ГIелму
***ГьитIинал галабазул къуват***

18 РатIлил тарих
***Макс Тилькел суратазда кавказалъул ретIел***

21 1941 – 1945
***ЛъагIалил доб бищунго халатаб къо***

24 8 сентябралде
***РакIалда буго...***

26 Искусство
***БецIдерил ракьалда тIатараб жавгьар***

31 Юбилей
***РикIкIадаб магIаруллъи***
***Бихьана, гьудул, макьилъ...***

34 Инсан
***Дие бокьун букIана гьев цIунизе...***

38 Тарихалъул гьурмал
***«Инсул рагIи нижее букIана къанун»***

42 ГIадатал
***Дагъистаналъул бертаби: сонги жакъаги***

46 НасихIатчагIи
***ГIасруялъул рокьул цIураб ункъилбутIа...***

50 ГIагараб ракь лъазаби
***Султанат***

54 Дир Дагъистан
***МугIрузул кечI***

***POST scriptum***

57. Наука
***ИИ – только помощник!***

59. Литературная страница
***Встреча***

63. Это интересно
***Храбрая пленница и благородство императора***


На обложках:
I – Асият Магомедова, судья Хунзахского районного суда
III – Фото Камиля Чутуева,
IV – Фото Казиахмеда Абдухаирова



# РачІа нилъерабго бокьизе!

Нилъ руго, ихтиярал цІунараб, къануназде данде кколеб бугони, бокьараб гьабизе бегьулеб пачалихъалда гІумру гьабун... Амма ракІ унтун буго, нилъерго маданияб ирс – миллияб ретІел, ахираб заманалда Дагъистаналда тІибитІун бугеб гІарабазул «модаялъ» гъанкъизабун букІиналъ. Нилъер щибаб миллаталъул, хІатта щибаб росдалгицин буго лъилго гьечІеб гІадаб берцинлъиялъул миллияб ретІел.

Дирго кІодоэбелалъул рукІарал кІазал хириял ругониги, цо-цониги некІсияб гурделъ нужеда йихьулей йигониги, дицаги щибаб къойилаб ретІеллъун тІаса бищун буго гьанже заманалъул костюм. Рекераниги заманаялда хадур гъолареб гьаб гІумруялда нилъеца квегІенлъи тІаса бищулеб буго, берцинлъиялдаса.

БитІараб бицани, ракІ гъанцІизабула, нилъерго миллияб хаслъи бихьизабулел хара, кІазал, тастарал, гормендабиги гъансазда жанир тун, Дагъистаналъул руччаби чІегІераб шаршавги тІад бигъун рихьидал. РекІеда кверги лъун абеха, такъсир гурищ нилъ цогидаздаса батІияллъун, хасаллъун гьарулеб нилъераллдасаго инкар гьаби ва чияраб бокьи?

Меседил куназ угьарал ххамазул мисалал цере лъураб, Абу-Дабиялда бугеб гьанжезаманалъул искусствоялъул галереялда, телефоналъ сурат рахъизе риччачІеб мехалъ, дица гьезда гьикъан: «Сундалъун нужеда, азарго сонилаб меседил куназ угьиялъул тарих бугел ниж, дагъистаниял, гІажаиблъизаризе кІолел?» – илан. Гьеб гуребги: батІи-батІиял пачалихъаздаса гІадамаз цІакъ кІвар кьуна дир кубачиязул кІазалда угьараб накъищалде. Бахчизе кІолареб чІухІигун бицана дица гьезие гьеб накъищалъул магІна.

ЦІакъ витІарав вукІана Рамазан ХІажимурадович ГІабдулатІипов, Дагъистанлъул халкъазул цолъиялъул къоялъ киналниги хІакимзабазда миллияб ретІел ретІинабурав. Гьелдалъун гьесие бокьун букІана гьезул ракІазулъ нилъерго маданияталде рокьи борчІизабизе.

Хирияй магІарулай, нилъее лъикІаб букІинаан, чияралда хадур рекерахъдичІого, нилъее ирсалъе щвараб азарсонилаб маданият цІунизе ва гІолохъанаб гІелалъухъе кьеялъе хІалтІи гьабизе.

Хамис Шамилова,
*бетІерай редактор*

## Асият МухIамадова



# «ГІицІго гІадамазе лъикІлъи гьабизе...»

***БитІараб бицани, «Хунзахъ районалда йигей судиялъухъе кІалъай», – илан редакциялда абураб мехалъ, дир бохдул сородана. Судиял – гьел батІияб дунялалдаса чагІи гурищ? ТІад ретІун мантияги, кодоб ккун цІулал квартІаги, «встать, суд идет», – илан къварараб гьаракьги. Дида гьединаб жо цохІо сериалазда бихьун букІана. Хадуб дихъе кьуна Асият Камиловналъул телефон. Нусго соналъ лъалей чІужуялда гІадин, хІерен-го кІалъана гьей дида. «Дуда расги ургъел чІваге. Дирго хІалтІуда тІадеги, дица кучІдул хъвала, суратал рахъула, чанги батила нилъеда бицине жо», – йилан ракІ-макІги гьабуна. Дир журналистлъиялъул хІалбихьиялда бищун гІажаибаб гара-чІвари байбихьана.***

Асият МухІамадова гьаюна 1979 соналъ гІадатиял интеллигентазул хъизаналда. Эмен – врач, эбел – экономист. Бищунго кІудияб кІвар лъайкьеялде кьолеб хъизаналда гІолел рукІана ункъо яс. Амма бищунго бокьулеблъун букІана творчество.

Байбихьул классазда цІалулеб мехалъ, МахІачхъалаялъул школалъул тІоцебесеб тІалаялда букІана «Дом пионеров». Гьеле гьенисан байбихьана машгьураб «ВатІан» кьурдул ансамблялъ жиндирго нух. Асиятицаги, чІухІигун, жий гьеб ансамблялъул ветеран йигилан абуна. «Творчествоги, кечІ-бакъанги, кьурди-хъатги гьечІеб гІумру цебе чІезабунцин бажаруларо дихъа», – йилан тІадеги жубана.

«ВатІан» ансамблялъ гьелъие гьитІинаб къоялдасаго кьуна къуватаб кьучІ – гастролал, дандчІваял, машгьурлъи. І989 соналда Москваялда ВДНХялъул выставкабазул централда гьелъие щвана космонавт Муса Манаровасе тІоцебесеб рорженалдаса хадуб тІугьдузул квацІи кьезе хІурматияб рес. Нужеда цебе чІезабизе кІолищ? Дагъистаналдаса яс, тІугьдул, космонавт, Совет Союзалъул машгьурлъи. «Сценаялъ дида малъана гІадамазул бербалагьиялдаса хІинкъичІого йикІине, – ян бицана гьелъ. – Гьединлъидал диваналъул процессаздаги нахъе къачІо».

Амма инсуе унго-унголъунги бокьун букІун буго яс низам цІунулел органазда хІалтІизе, ретІун формагун. Асиятица тІубазабуна инсул анищ – гьей цІализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул юридикияб факультеталде. – Аллагьасе рецц, дир цониги къоялъ ракІбухІичІо, – ян абула гьелъ кьварун.

Университет лъугІун хадуб анцІго соналде гІагарун хІалтІана гьей МахІачхъалаялъул Советск районалъул диваналда секретарьлъун ва судиясул кумекчІужулъун. ХІакъикъияб гІумруялъул школа: кагътазул хІалтІи, гІадамал, магІу, хІинкъаби, рекъел...

Ва 2016 соналъ ккана бищун кІвар бугеб иш: Россиялъул Президентасул Указалдалъун гьей тІамуна Хунзахъ районалъул диваналъул судияйлъун. Ва гьеб ккана гьей гьаюраб



къоялъ. ТIубараб гIумруялъ ялагьун чIун йикIараб сайгъат! Дица гьелда гьикъана: «АнцIила щуго сон барай дуда цебе чIезабизе кIвелаанищ мунго районалъул судияйлъун?» – илан. Гьелъ ургъизего ккечIого кьуна жаваб: «АнцIила щуго сон бараб мехалъго дун гIуцIа-кIутIарай гIадан йикIана. Гьеб мехалъ дир лъабго гьитIинай яцги йикIана, эбел-эменги хIалтIулел рукIана. Дица яцазул тIалабги гьабулаан, рукъги бакIарулаан, квенги гьабулаан ва дирго цIалиялдаги тIадчIолаан. Цо кьучIаб хIалтIи дица гьабизе букIиналда дир щаклъи букIинчIо. БатIалъи щиб: прокурорлъун, яги судияйлъун».

«Амма тIоцебесеб процессалдаго дир рекIелъе хIинкъи бачIана», – ян бицана Асият Камиловналъ. – Дудаго цебе чIезабеха... АнцIго соналъ диваналда дида кинабго бихьана, киналго лъана... Гьаниб дирго жавабчилъи – гьеб бакIаб букIунеб батана. Дихъа бажарилебдай? Дир лъай гIелебдай? РитIухъайлъун йикIун бажарилебдай?» Сценаялъ гьей хвасар гьаюна. «ВатIаналъ» малъун букIана гьелда хIинкъи бихьизабичIого тезе. Кьурде ва гьиме. ХIукму къотIе гьимулаго. Жаниб сири бан бугониги. Ва дида ккола, гьеб бугин унго-унгояв диванчиясул аслияб хасият – хIинкъи гьечIолъи гуреб, гьелдаса бергьине бажари.

Дица гьикъана бищунго гIадатияб гуреб диваналъул хIакъалъулъ. Дир хьул букIана гIасруялъул чIвай-хъвеялъул яги цIогьалъул хIакъалъулъ рагIизе. Гьелъ: «БуртIазул!» – илан абуна. Дир кодоса телефон бортизе цодагьалъ хутIана. «ГьоцIалъа херав чи вачIунев вуго дихъе, – ян релъиги кколаго бицана Асиятица. – Гьумерги буго накIкI гIадин. Мадугьалзабазул буртIаз дир ахбазаналъул гъутIби кванан руго. Цо хутIичIого. Цояб ккун диваналде далил хIисабалда бачине кIола. Бачинищ?» – илан. Асиятица херасда гьарула бачунгеян. Цебе чIезабе гьеб сцена: диваналъул зал, герб, Фемида, диваналъул гIахьалчагIи ва цIегун буртIал. Гьел буртIал хас гьабун мадугьаласул рукIиналъул хIужабиги щвечIо. ХIукму херасул рахъалдехунги ккечIо. «Амма гьев талихIав гIадин ана, щайгурелъул киналго ракI-ракIалъ релъун-рохун

рукIиналъ... Рохел бугеб бакIалда, ццидае бакI букIунаро».

Кинабго бихьиназе мукIураб магIарухъ кин чIужугIадан-судияй къабул гьаюлеяли лъазе гъира букIана дир. Асият Камиловналъ кьварун жаваб кьуна: «Дун бихьиналгун къецазда гьечIо, щибго тасдикъ гьабулейги гьечIо. Руччабазе бигьалъаби гьарулеб заманги ана, гьанже нилъ загIипаллъун лъицаго рикIкIунаро». Гьелъул пикруялда, гьеб битIарабги буго. Гьелъие бокьун буго, жинсалъухъ гуреб, лъикIаб хIалтIухъ адаб гьабизе. Гьелдаго цадахъ гьелъ гIемер хIалтIизабула маслигIат: «РагIабаз сах гьарула. Дица хIаракат бахъула дандиял рахъал рекъезаризе, гьелъ гIемерисеб мехалъ хIасилги кьола. МагIарухъ гьелъул хасго кIвар буго – дагIба-рагIи наслабаз халат бахъине бегьула».

Цинги дица, таваккалги тIамун, тIоцебего кьезе бокьун букIараб суал кьуна: «Асият Камиловна, мун гIодулищ? Унго-унголъунги гIадамазда гурхIун?» Гьей сихIтун чIана. Ва цинги: «Узухъда дун гIодула. Процессазда. Унтарал лъималазул, рехон тарал херазул, кумек гьечIого хутIаразул хIакъалъулъ рагIараб мехалъ, магIу жибго чваххун бачIуна. Дунги чармил гурелъулха. Гьелъ ритIухъльиялъе квал-квал гьабуларо, гьелъ кумек гьабула гьеб бихьизе», – йилан абуна гьелъ. Дун божана.

Гьелдаго цадахъ хъизан-рукъ кин нухда бачунебали цIехечIогоги чIечIо дун. Хъизаналъ гьелда тIаса босун буго гIемераб хIалтIи, амма рукъ-бакI бакIаризе ва квен гьабизе гьелъие жиндиего цIакъ бокьулеб буго. «Цо щиб букIаниги бежа-белъине, берцинго тепси гIуцIцIизе дие цIакъ бокьула. Рукъ бакIа-баххарулаго пикрабиги тартибалде рачIуна. ЗахIматал суалазе жавабал гIемерисеб мехалъ гьедин ратула. Дица гьелда «судиясул йогайилан» цIар лъун буго.

Нижер гара-чIвариялъул ахиралда дица кьуна кIиго кIвар бугеб суал. ТIоцебесеб: чиясул лъабго хасият, гьел гьечIони Дагъистаналда судияв лъагIелалъцин хIалтIун бажарularel? «Сабру, тIадчIей ва, узухъда, гIакълу», – ян жаваб кьуна гьелъ. Ва кIиабилеб: Хунзахъ районалъе дурго рекIелъан бачIунеб къанун ургъизе рес бугони – гьеб кинабдай букIинаан? Цо лахIзаталъги ургъун гьелъ абуна:

*Къисмат Фемидагун бухьине гьабун,*
*ЯчIана гьадинаб хIасилалде дун:*
*Дунялалда гIумру тIамизе ккола*
*ГIицIго гIадамазе лъикIлъи гьабизе.*

Асият Камиловналъул гьал мухъал отчеталъе гуро, кIалъаялъе гуро. Гьелъ гьел гIадатго, халатаб гара-чIвариялъул ахиралда абуна. Ва гьезда жаний, дида ккола, кинайго гьей йигилан.

Нилъ ругьунлъун руго цIорораб мармар гIадинаб ритIухълъиялде. Амма гьеб хинабги букIине бегьулеб букIун буго. Мантиягун, телефоналда кучIдулгун, лъабабилеб данделъиялдаса хадуб свакарал бералгун. Ва амма – лъикIлъи загIиплъи гуреб, къуват букIиналда божилъигун. Дида ккола гьеб бугин дида рагIараб бищунго лъикIаб къанунилан.

Асият Камиловнаги дунги церегосел гьудулзаби гIадин ратIалъана. Дица пикру гьабуна, Хунзахъ мухъалда гIумру гьабун йигин къанунги инсаниятги тушбаби гурелльи щибаб къойил чIезабулей гIадан. Гьел цадахъ рукIине ккола. ГIадамазе гIоло. ХIакъикъаталъе гIоло. Дунял дагьабги гIумруялъе лъикIаб бакIлъун гьабизелъун.

Дицаго хъвай-хъвагIаял гьарураб блокноталъухъги ялагьун, дида ракIалде щвана дунго гьаб дандчIваялъукьа хIинкъун йикIарай куц. Гьаб гара-чIвариялдаса дида бичIчIана: ритIухъли – гьеб квартIил гьаракь гуреб, сихIтун дунял дагьабниги лъикIаблъун лъугьинабизе бахъулеб хIаркат букIин.

***Саният Эмирова***



# Дица дирго налъи тIубана...

***ГIумру бекерун ун батула ва бачIуна заман, нилъер ракIалдещвеял гуреб, щибго хутIичIеб. ГIадада гуро нилъер заманаялъ чIахIияб, гьоркьохъеб, гIолохъанаб гIелалъулгицин чагIи мемуарал хъвазе лъугьун ругел.***

Гуржигьан Хъарабуттаевна ГIабдуллаева – гIолохъанаб мехалдаса нахъе Галина Хъараевна Хъараева – гьаюна 1935 соналъ Лак районалъул Хурхи росулъ. Гьелъул эмен вукIана колхозалъул бухгалтерлъун, эбел Шарипат йикIана рукъалъул хIалтIухъанлъун. Гьел рукIана ункъо лъимал гIезарулел, букIинеселъе планал гьарулел, амма гьездаги хъатIана репрессиязул гIащтIи. 1937 соналъ эмен туснахъ гьавуна ва чIвазе къотIана. ГIицIго 1956 соналъ чIезабуна Хъарабутта Хъараевасда такъсир букIинчIилан ва гьездаса «халкъалъул тушманасул хъизан» абураб мугъру нахъе бахъана.

Гуржигьаница Хурхиялда 1950 соналъ лъугIизабуна анкьго сонил школа. Яс лъикI цIалулей йикIинги бихьун, хъизаналъе кигIан захIмат букIаниги, эбелалъ изну кьуна гьелъие райцентр Гъумекиб школа лъугIизабизе. 1953 соналъ гьоркьохъеб школа лъугIараб аттестатгун, гьей цIализе лъугьана ЦIадаса ХIамзатил цIаралда букIараб Дагъистаналъул ругчабазул педагогикияб институталде. Гьей йикIана тIоцере республикаялъул тахшагьаралде цIализе рачIарал ясазул цояйлъун.

– Гьеб букIана унго-унгояб таваккалаб хIукму, – ян ракIалде щвезабулеб буго Галина Хъараевналъ.

– ГӀемерисез дир эбелалде гӀайиб гӀунтӀизабулеб букӀуна, амма гьелъ: «Дир ясалда ракӀчӀола, гьелъ дун къварид гьайизе гьечӀо», – ян кьола жаваб.

Галина йикӀана, лъикӀ цӀалулей, курсалъул комсорг. 1957 соналъ гьей хӀалтӀизе йитӀана Гъарабудахкент районалъул Параулалда анкьго сонилаб школалде. КӀиго соналъ хӀалтӀана гьей гьениб.

Жиндирго гӀагараб Хурхи росулъе щвараб цо нухалъ гьелъул лъайхъвай ккана Иниша росулъа офицер ГӀабдуллаев Зайнудинилгун. Гьесулгун батана къадарги.

КватӀичӀого хъизан гочана Гуржиялъул Болниси шагьаралде. Гьеб шагьаралда Галина Хъараевна хӀалтӀана ясли-ахалъул тарбиячӀужулъун. Дагъистаналде тӀадюссун хадуб хӀалтӀана МахӀачхъалаялъул №11 гьоркьохъеб школалда.

1963 соналъ Галина Хъараевна МахӀачхъалаялъул №34 школалде тарихалъул учительлъун хӀалтӀизе йосана. Лъабго соналдасан гьей тӀамуна завучлъун. Гьеб хъулухъалда гьей йикӀана 15 соналдаса цӀикӀкӀун заманаялъ. ГӀаммаб къагӀидаялъ босани, Галина Хъараевналъ бащдаб гӀасругӀанасеб заман кьуна №34 школалъе ва пенсиялде ана 2015 соналъ.

Пенсиялде ун хадубги рехон течӀо гьелъ школа: тӀоритӀана «БахӀарчилъиялъул дарсал», рагъулалгун патриотикиял тадбирал, цо къоялъги гьоркьоб къотӀизе течӀо гӀун бачӀунеб гӀелалъе ва гӀолохъанал педагогазе настихӀатчилъи.

Тарихалъул учитель… ГӀун бачӀунеб гӀелалда кинаблъун дунял бихьилебали аслияб къагӀидаялъ асар гьабулев чи. Галина Хъараевналъ Дагъистаналда тӀоцересезда гьоркьоб гӀуцӀана КӀудияб ВатӀанияб рагъул майданаздаса тӀадруссинчӀел рагъухъаби ралагьиялъе гӀуцӀӀараб «Поиск» абураб хӀаракатчагӀазул къокъа.

Совет Союзалъул БахӀарчи Николай Подорожный вукӀана республикаялъул ТОКС абун – тарих ва гӀагараб ракь лъазабулезул телевизионниял отрядал гӀуцӀцӀиялъе кьучӀ лъурав чӀи. Гьеб багъа-бачариялъул мурад букӀана КӀудияб ВатӀанияб рагъул заманалда республикаялъул тарихалъул кӀочон тарал тӀанчал рагьи. Гьел отрядазда рукӀана дол соназ эмен ва кӀудияв эмен рагъда гӀахьаллъарал лъимал.

Отрядалъул гӀахьалчагӀаз фронтовиказул харбал хъвалаан, рокъоса суратал рачӀунаан, гьезие баянал хъвалаан. Гьеб заманаялъ Галина Хъараевналъ гьеб школалда сверун гӀумру гьабун ругел киналго ветераназул хъвай-хъвагӀай гьабуна, гьел данделъабазде ва школалъул байрамазде ахӀана, гӀолохъанал краеведалгун гьезухъе щвана.

Граждан рагъул бахӀарчи Хъара Хъараевасул хӀаракаталдалъун гӀуцӀараб, машгьураб Дагъистаналъул рекӀаразул эскадроналъул чӀаго хутӀаралщинал гӀахьалчагӀи ралагьизе ва гьелъул тарих лъазабизе кӀвар бугеб ва захӀматаб мурад лъуна «Поиск» отрядалъ цебе.

1942 соналда Буйнакск шагьаралда дагъистанияздасан гӀуцӀараб эскадроналъ байбихьана жиндирго рагъулаб нух. Эскадроналъул рагъухъаби Моздокалдаса Берлиналде щвезегӀан ана. Рейхстагалъул къадада гьеб эскадроналъул байрахъчи Гъази ГӀумаровас хъван букӀана: «Дагъистаналъул рекӀаразул эскадрон» абун.

Галина Хъараевналъ нухмалъи гьабулеб гӀагараб ракь лъазабулезул ва цӀех-рехалъулаб къокъаялъул гӀахьалчагӀаз 15 экспедиция тӀобитӀана, эскадроналъул гӀахьалчагӀи ралагьулаго ва гьезулгун дандчӀваял гьарулаго.

Галина Хъараевналъ гӀуцӀараб, школалъул Рагъулаб реццалъул музеялда бугеб выставкаялда рихьи-



зарун руго Дагъистаналъул жидерго жигаралдалъул данде гьабураб рекIаразул эскадроналъул машгьураб тарих бицунел оригиналиял документал. Гьенир руго Граждан ва КIудияб ВатIанияб рагъул бахIарзазул сураталги – эскадрильялъул командир Хъ. Хъараевасул, штабалъул начальник М. Танкаевасул, байрахъчи Гь. ГIумаровасул ва цогидал рагъухъабазул... РекIее асар гьабичIого цIалун бажаруларо, эскадроналъул 40 сон тIубаялде, гьелъул гIахьалчи ЧIарада районалъул Магар росулъа ЧукIанов ШагIбаница бачIараб кагъат. Гьес лъималазе кIудияб баркала кьолеб буго рагъухъабазул бахIарчилъи кIочене течIого цIунаралъухъ.

«Дие буго 93 сон, – ян хъвалеб букIана гьес, – гьедин букIаниги, дица хIаракат бахъила дирго однополчанал рихьизе вачIине... Нижеца Берлиналда кIодо гьабуна Бергьенлъиялъул къо... Рейхстагалъул къадазда цебе лезгинкаги кьурдун». Музеялда гIемерал руго гьединал кагътал.

Галина Хъараевна кидаго йикIана жиндир кумек къваригIараб бакIалда. Рагъулаб реццалъул ва гьелъ гIуцIараб гIагараб ракь лъазабиялъул музеял МахIачхъалаялъул №34 школалда жакъаги хIалтIулел руго. ГIун бачIунеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялде руссарал киналго ишазулъ ва хIаракатчилъиялъулъ жигараб квербакъи гьабуна гьелъул рос, полковник МВД Зайнутдин Саруевич ГIабдуллаевасги.

РикIкIадаб 1970 соналъ Дагъистаналда букIана къуватаб ракьбагъари. Кумекалъул квер бегьана тIолабго Совет Союзалъ. Гьез кIвараб кумек гьабуна – мина баялъе материалаздалъун, ретIел-хьиталдалъун, кванил нигIматаздалъун, хIухьбахъиялъе ва цIализе лъимал къабул гьариялдалъун. Ракь багъариялъул хIасилалда зарал ккарал лъимал къабул гьаризе бокьаразда гьоркьоб букIана Кострома областьги. Республикаялъул Лъайкьеялъул министерствоялъ Галина Хъараевна

йитIана лъималазул кIудияб къокъагун Шарья шагьаралде. Гьенибги мугIалималда кIочон течIо ТОКСалъул хIалтIи. Шагьаралда аскIор рагъулал частал рукIин лъайдал, Галина Хъараевналъ армиялда ругезда гьоркьор ралагьана дагъистаналдаса солдатал ва лъималазулги гьезулги дандчIваял гIуцIана.

Галина Хъараевналъул буго сахаватаб ва гурхIел-рахIмуялъул цIураб ракI. Рагъулал ветераназулгун лъималазул бухьен гьелъ гIицIго тадбиразде ахIиялдалъун лъугIизе течIо. Гьел щвана жалго хъизаназухъе, къоролзабазухъе. Гьедин гIуцIана гурхIел-рахIмуялъул клуб. Жинцаго Галина Хъараевналъ баян гьабухъе, клубалде гъорлъе лъугьана бищунго хIеренаб ракIалъул тIасиял классазул цIалдохъаби. «Гьал ракъарал сонал гуро, амма гьедин букIаниги, унго-унголъунги кумек къваригIарал, берцинаб рагIи абизе ва къвал базе хIажатал гIадамал гIемер руго...», – ян бичIчIизабуна гьелъ лъималазда.

Гьеб хIалтIул асаралда гъоркь, МахIачхъалаялда гIумру гьабун ругел жиндирго росуцоязе гьединабго ГIурхIел-рахIматалъул клуб гIуцIизе ракIалде ккана гьелда. Ратана пикруцоял гIадамалги. «Гьезда гьоркоса цояй – Шамей Башировна Лугуева, гIажаибай педагог ва ракIлъикIай гIадан. КIиабилей йикIана Гульжахра ГIабдулкъадировна ГIалиханова, къадруяй, жавабчияй, рахIму цIикIкIарай гIадан, – ян ракIалде щвезабуна Галина Хъараевналъ. – Нижеца гIуцIана хIалтIул план, аслияб мурад букIана гIадамазе квербакъи гьаби, гьезде кIвар кьей, гьел рохизе гьаби. Нижеца гьезухъе сапар байрамазде данде ккезе гьабулаан: 9 май — Бергьенлъиялъул къо, 8 март, гIидалъул къо. Щибаб гьединаб данделъи лъугьунаан гьезиеги нижееги байрамлъун».

Гъоркьисала Галина Хъараевналъ жиндирго 90 сон тIубай кIодо гьабуна хъизан-агьлуялъул, гьудул-гьалмагъзабазул, лъималазул, гьезулги лъималазул, цадахъ хIалтIулезул ва студентазул сверулъ. ГТРК «Дагъистан» телекомпаниялъ, редакторасул заместитель, гIемераб заманаялъ Дагъистаналъул ТОКСалъул штабалъул нухмалъулевлъун вукIарав Салам Хавчаевасул квербакъиялдалъун, гьеб кIвар бугеб лъугьа-бахъиналъул ва гьей мустахIикъай гIаданалъул гIумруялъул хIакъалъулъ «Учитель, перед именем твоим» абураб фильм бахъана.

Гьелъул гIемерал соназ гьабураб хIалтIи кIодо гьабуна тIадегIанал пачалихъиял шапакъатаздалъунги: «РСФСРалъул халкъияб лъайкьеялъул отличник», «Россиялъул мустахIикъай учитель», «ДАССРалъул мустахIикъай учитель» абурал хIурматиял цIарал, Н.К. Крупскаясул медаль, «Лъайкьей» абураб миллияб проекталда бергьенлъи ва «Дагъистан Республикаялда цебе гьабураб хъулухъалъухъ» орден.

– Лъалищ, – ян абуна Галина Хъараевналъ, – дир эбел – кабардияй – йикIана динияб рахъалъ цеетIурай гIадан. Гьелъ абулаан, къварилъиялда ругезе лъикIлъи гьаби хирияб бакIалде зияраталда бащалъулилан. Аслияб жо буго гьеб ракI-ракIалъ, ракIбацIцIадго гьаби. Дирго хIалтIул ракIалдещвеяз дие жакъаги рекIее парахатлъи кьола, ТIадегIанав Аллагьасда цебе, жамгIияталда цебе, дирго яхI-намусалда цебе налъи тIубараб гIадин. Дица дирго улкаялъул ва дирго халкъалъул гIумру гьабуна дирголъун».

*Ажа ГIабдурахIманова*



Фироза Панахова

# «Рокьулъ буго балъголъи»

***Фироза Надировна Панахова ккола 45 соналъул стаж бугей педагог. Гьелъул профессионалияб нух байбихьана МахIачхъалаялда, гьанже гIумру гьабун ва хIалтIулей йиго Санкт-Петербургалда. Гьей ккола технологиялъул мугIалим. Педагогикаялде ячIун йиго бищунго тIабигIияб гIиллаялъе гIоло: лъималазде бугеб рокьиялъ. «Дир рокьи гIелаан тIубараб лъималазул рукъ дирго лъималлъун гьаризе», – ян абуна гьелъ. Фироза Надировна ккола «Молодые дарования России» абураб тIолгороссиялъул конкурсалъул лауреат, Россиялъул гIаммаб лъай кьеялъул хIурматияй хIалтIухъан, Дагъистан Республикаялъул мустахIикъай мугIалим.***

***– Лъимералъул рекIелъе нух кин дуда батулеб?***

– Бигьаго: гьел рокьизе ккола, цинги лъимералъул ракI рагьун бачIуна. Рокьулъ буго балъголъи. Лъималазулъ гьунар бихьани, байбихье гьеб цебетIезабизе. ТIадецуй унгьабичIого. «Нилъее художникал къваригIун гьечIо, щагIил гIартал гьаре», яги: «Бокьаниги бокьичIониги, мун угьаризе ккола», – йилан абизе бегьуларо. Гьединаб къагIидаялъ киданиги хIасил кьезе гьечIо. БатIияб къагIидаялъ гьабизе ккола хIалтIи: батIи-батIиял искусствабазул къагIидабиги цере лъун, лъимералъ квер сунде бегьулебали халгьабизе ккола. Гьелъулъ буго кинабго сихIру.

***– ГьабсагIаталда нужеца дарсал кьолел руго цебетIеялъулъ кватIарал ва сакъатал лъималазе, гурищ?***

– ХIакъикъаталдаги, 2015 соналъ дун гочана Санкт-Петербургалде ва байбихьана хасал лъималазул школалда хIалтIизе. ТIоцебе дагьаб захIмат букIана, амма нахъеги рокьиялъ кумек гьабуна. Хасаб школалда лъимал хIадурал руго жидерго жанисеб балъголъи ва гьунарал рагьизе, дуца гьезие рокьи кьуни, гьездехун унго-унгояб интерес бихьизабуни.

***– КигIан захIматго букIунеб гьединал лъималазе жамгIияб гIумруялде гъорлъе лъугьине?***

– ГIемер ракI бохилеб ахIвал-хIал гьениб гьечIо. Школалдаса хадур гьел уна колледжазде. Ва киназдаго гуро кIолеб жидерго махщалида рекъараб хIалтIи батизе ва унго-унгояб къагIидаялъ гIумру гьабизе. Гьеб цIакъ унтараб суал буго гьеб. Щиб бицаниги, гIумру буго гIумру: ва ракI буссинабизе ккараб жо ккола. талихIкъосиналдалъун, гIумру ккола гIумру: ЦIалун рахъиндал киназдаго гуро жидерго бакI батулеб.



***– Кида дуца гIуцIараб дурго тIоцебесеб ретIел-хьиталъул коллекция?***

– Лъималазул искусствабазул №8 школалда хIалтIулей йикIана дун ретIел-хьиталъул дизайнеразул конкурсалъул хIакъалъулъ рагIараб мехалъ. Дун йикIана лъималазда хьухьаризе малъулей ва: «Щай бегьулареб?» – илан бачIана пикру. ТIоцебе директоралъе бокьун букIинчIо ниж гьенире риччазе, гьеб даража борхатаб конкурсалда нуж рихьизецин гьечIилан багьанаги батун. Амма, гьелъул гIаксалда, дир байбихьудаго ракIчIун букIана. Дица абуна: «РачIа цин заявка кьезе. Дир лъималаз коллекция гIуцIцIизе буго ва цогидал гIахьалчагIаздаса къураб жо нижер букIине гьечIо», – йилан.

Хисаб гьабеха! Нижер «ТIугьдул ва лентаби» абураб хьухьараь ратIлил коллекциялъе щвана Гран-при! Гьениве, хIурматияв гьоболлъун ахIун, вачIана Вячеслав Зайцев. Дизайнер хIикмалъун вукIана, учителасул кумекалдалъун, школалъул къокъаялда гьединаб коллекция гIуцIизе кIвеялда. Дие гьениб кинабгIаги гIажаиблъизе ккараб жо букIинчIо, дида байбихьудаго лъалеб букIана нижехъа гьеб бажаризе букIин. Нижер коллекциялъ бащдаб Европа сверана, чанго халкъаздагьоркьосеб конкурсалда бергьенлъи босана. Дагьалъ цебе гьелъие щвана Халкъаздагьоркьосеб гьанже заманалъул искусствабазул академиялъул гIарцул медаль.

***– КигIан заманаялъ нуж гьеб коллекциялда тIад хIалтIарал?***

– Цо соналъ. Гьеб гIемераб заман гуро тIубараб коллекция гIуцIцIизе. Нижеца цIалдохъабигун тIолабго гьеб нух цадахъ нахъа тана: эскизаздаса байбихьун лъугIараб ретIел-хьиталде щвезегIан. Гьеб букIана цIакъ ракI тIаде цIцIалеб хIалтIи.

***– ЦIалдохъабаз жидерго пикраби рицунел рукIаралищ, яги тIубанго мугIалимасда мугъчIвай гьабунищ чIарал, гIицIго дур тIадкъаялги тIуран?***

– Узухъда, цIалдохъабаз жидерго пикраби рицунел рукIана ва нижеца

кидаго гьел гьоркьор лъолаан. РукIинесел дизайнеразда лъазе ккола жидерго пикраби загьир гьаризе ва гьел гIумруялде рахъинаризе. ЛъикIаб фантазияги къваригIуна гьезие.

***– Кинаб концепция букIараб нужер коллекциялъул?***

– Нижее бокьун букIана гIадатиял гIадамаз ретIине бегьулеб ретIел гIуцIизе. Премиум-классалъул ретIелалъ асир гьарула, гьеб цIакъ берцинаб букIуна, амма киназулго гуро гьеб босизе рес букIунеб.

***– Цогидал кинал коллекциял нужеца гIуцIцIарал?***

– Масала, «Хлоя» абураб коллекция. Гьелъги нахъа тана бащдаб Европа, гIахьаллъана миллиял ва халкъаздагьоркьосел конкурсазда ва фестивалазда. Халкъаздагьоркьосеб академиялъ гьеб коллекциялъе меседил медаль кьуна. Ва ахирисеб коллекция нижеца сайгъат гьабун букIана XX гIасруялъул Гомер СтIал Сулейманил юбилеялъе.

***– Халкъаздагьоркьосеб академиялъ гьебги тун батиларо кIвар кьечIого?***

– БитIараб буго. Гьеб коллекциялъеги щвана меседил медаль.

***– Бихьулеб буго нужее гIезегIан шапакъатал щун рукIин.***

– Нуж божа, гьединаб мурад нижер букIинчIо. ГIицIго нижее бокьулеб иш гьабулел рукIана. Амма, гьереси бицинаро, нижер хIалтIуе тIадегIанаб къимат кьеялдаса ниж рази руго.

***– Дагьалъ цебе дуца байбихьана ясикIабиги гьаризе.***

– У, гьеб хоббиги буго дир. Гьелде гъира бана интернеталда мастер-класс бихьун. ТIоцебе дица букIкI-букIкIараб кагътил ясикIабаздаса байбихьана. Гьанже дагъистаналъул халкъазул миллияб ретIел ретIарал ясикIаби гьарулел руго.

***– Гьел ричун росизе бегьулищ?***

– Бегьуларо, дица гьел ричуларо. Дир гIемераб заман гьечIо гьел гьаризе лъугьаралдаса. Гьединлъидал гьел дир ретIел-хьиталъул коллекцияздаса дагьал машгьурал руго. Амма гIадамаз, дир ясикIабазул коллекция бихьараб мехалда: «Фироза Надировна, гьаб гьунар бахчун тIубаларо, гьеб бихьизе ккола», – илан абула. Исана риидал МахIачхъалаялда букIине буго дир персоналияб выставка. Гьединго дица Санкт-Петербургалъул шагьаралъул библиотекаялъулгун рекъон хIалтIи гьабула, гьение дун гIемер ахIула дирго хIалтIаби рихьизаризе. Масала, араб соналъ гьениб миллиял культурабазул фестиваль тIобитIулеб мехалда, библиотекаялда тIобитIана «Фироза Панаховаялъул халкъияб ретIел-хьиталъул поэзия» абураб выставка, гьениб бихьизабуна дир дизайнералъулаб ясикIабазул коллекция. Дие бокьула шагьаралъул батIи-батIиял проектазда гIахьаллъизе.

***– Нилъер гара-чIвариялъул ахиралда бокьилаан дуца дурго лъималазул хIакъалъульги бицани.***

– Дир вуго цо вас. Гьесул руго лъабго лъимал: цо васги кIиго ясги. Дир васасул лъималазул кIигоял тхэквондоялде хьвадула, шапакъаталгицин щолел руго гьезие. Цо къоялъ дихъеги вачIун васасул васас абуна: «Дадабаба, кватIичIого дуралдаса гIемерал медалал рукIине руго дир», – илан. Гьелдасаги дун кутакалда йохарай йиго.

МахIачхъалаялъул школалда цIалулеб мехалдаго гьабуна дица дирго васасул культураялъулгун лъайхъвай. Гьес лъугIизабуна «Лезгинка» ансамблялъул студия, «Акташ» ансамблялъул солистлъун щвана гIемерал улкабазде. Жиндирго хъизан гIуцIцIидал, эмен хIисабалда гьев гьелде регIичIо. Амма дида ккола культураялда арал соназ лъикIаб асар гьабунин гьесул хасияталдеги пикрияб рахъалдегиййилан.

*Руслан Бакъидов*



Абай
Макъсумова

# ГьитІинал галабазул къуват

***ГІолохъанай гІалимчІужу, химикиял гІелмабазул кандидат, ДГУялъул физикагун органикияб химиялъул кафедраялъул преподаватель, гІелмуялъул рахъалъ руччабазе кьолеб «Колба» премиялъул лауреат Абай Макъсумовалъ нанотехнологиязул, Нобелил премиялъул ва гІемераб цогидалъул хІакъалъулъ жиндирго пикраби рицана нижее. РакІалде ккола, журнал цІалулезеги цІакъ бокьилин гьелъухъ гІенеккизейилан!***

***– Кинха гьеб кинабго байбихьараб?***

– Дун гьаюна Хасавюрт районалъул Хамаматюрт росулъ. ЦІалана гьенийго №2 гьоркьохъеб школалда. ТІабигІиял гІелмабаздехун дир гьира бижана гІезегІан цебего. Физик ва математик кІудадаца дие масъалаби кьолаан, филолог кІодоэбелалъ дилъ цІалиялде рокьи бижизабуна ва пикрабазул тартиб гІуцІизе малъана. Физикаялъул дарсазда нижеца хІалбихьиял гьарулаан, амма химиялъул дарсазда гьел рукІинчІин абизе бегьула. Дие камун букІана практикияб хІалбихьи. Гьединлъидал дица хІукму гьабуна ДГУялъул химиялъул факультеталде документал кьезе.

***– Мун гІелмуялде гъорлъе ккин ккарай ва гІелмияв нухмалъулев кин ватарав?***

– КІиабилеб курсалда аналитикияб химиялъул лекция цІалулей профессор Марижат Джабраиловна Татаевалъ лъазабуна лаборатория рагьулеб бугилан. Нижер гара-чІвари ккана, хадуб гьелъ дун лабораториялде ахІана.

Заманалдасан, магистратураялда цІалулеб мехалъ, дие бокьана батІияб направлениялъул хІалбихьизе. Гьеб данде ккана профессор ГІилмутдин МухІамадович ГІабдулагьатовас жиндирго атомияб гъат чІезабиялъул (атомно-слоевое осаждение) цІех-рехалъулаб лаборатория рагьулеб заманалде. Дидаги цогидал студентаздаги технологиялъул аслу малъарав ГІазиз ГІилмутдинович ГІабдулагьатов (хим. гІ. доктор, Колорадо штаталъул Университеталъул гІелмияв хІалтІухъан – ред.) вачІана гьеб заманаялъ нижехъе Америкаялъул Цолъарал Штатаздаса. Гьелъул хІасилалда, дица цІали халат бахъинабуна магистратураялда ва хадуб аспирантураялдаги.

Кандидатасул диссертация, «Молекулярное наслаивание тонких плёнок оксида молибдена, смешанных титан-молибденовых и алюминий-молибденовых оксидных плёнок и их характеризация» дица цІунана Санкт-Петербургалъул пачалихъияб технологиялъул институталда 2024 соналъул февралалда. Жакъа къоялде щвезегІан басмаялда бахъана дир 47 гІелмияб макъала, гьезул І6 Scopus ва WoS сияхІалда рихьизарурал халкъаздагьоркьосел журналазда.

***– Бице журнал цІалулезда щиб жо кколеб «атомно-слоевое осаждение»?***



– Гьеб ккола нанопленкаби гьарулеб технология. Жаниб вакуум бугеб камера букIуна. Нилъеца гьелда жаниб лъола цо предмет (масала, кремниялъул субстрат, цIорол кесек яги хирургиялъулаб имплант). Камераялде жанире кьола реагентал. Реакциялъул хIасилалда предметазда тIад лъугьуна нанопленка. Нижеда цебе чIараб масъала буго гьел реагентал данде ккезари ва къваригIарал хасиятазул пленка лъугьинаби (бактериязде данде чIараб, хинлъи цIунулеб).

***– Нужер лабораториялъул хIалтIул хIасил кибниги медицинаялда хIалтIизабулищ?***

– Нижеца ДГМУялъул коллегабигун рекъон гьабула хIалтIи. Гьез нижеда гьарана хирургиялъулаб грыжаялъул сеткаялда тIад бактериязде данде къеркьолеб хаслъи бугеб пленка лъугьинабейилан. ХIайваназда гьарурал хурургиял хIалбихьияздаса бичIчIана, гьединаб сетка лъураб бакIалда ругъун хехго сахлъулеб букIин ва квал-квал гьечIолъи. ГьабсагIаталда нижеца хIалбихьулеб буго гьединаб пленка ортопедиялъул ва цаби-гIусазул имплантатазда тIаде биччазе.

***– ГIелму «руччабазул хIалтIи» гурин абурабги буго пикру. Дуца щибилан абилеб?***

– Гьал къоязда дие кьуна, гIелмуялъул ва технологиязул рахъалъ руччабазе кьолеб, «Колба» абураб премия. Дун гIахьаллъана шапакъатал кьолеб тадбиралда. «Колбаялъул» лауреатазда гьоркьорги ратана гIемерал лъимал ругел улбул! Ва гьеб кутакалда лъикI буго! ГIелмуялъулъги, киналго рахъаздаго гIадин, хIасил бараб букIуна, жинсалда гуреб, инсанасул хасиятазда.

– Мун йиго ДГУялъул «ГIелмугун росабалъе» абураб лъайкьеялъул проекталъул гIахьалчIужу. Республикаялъул рикIкIадал бакIазда ругел школазда хIалтIизе кин букIунеб?

– Лъималазул цIакъ гьира букIуна хIалбихьиял гьаризе. Амма мугIрузул бакIазда лъимал цо-цо мехалда руцI-

цІун чІарал, нечарал рукІуна. Суалал кьезе тІамизе ккани, гьезул рекІелъе нух батизе ккола. Ахир-къадги дида ва дир къокъаялда кІвана гьел гьеб хІалтІуде гъорлъе рачине. Гьеб букІана дие гІажаибаб хІалбихи! Дида бичІчІана лъайкьеялъул кигІан кІудияб кІвар бугебали.

***– Школазда гІелму малъиялъул рахъалъ щиб дуца хисизабизе букІараб?***

– ТІоцебесеб иргаялда, магІарухъ педагогал гІоларого руго. «Земский учитель» программа лъикІ хІалтІизе ккани, лъикІал шартІал чІезаризе ккола гьенире хІалтІизе рачІарал учительзабазе. КІиабизе, унго-унгоял хІалбихьиял гьаризе ккани, къваригІуна хІалтІулел лабораториял. Реагентал гьечІого, гьел гІемерисел хІалтІулел гьечІо. Лъабабилеб, районазда цІали халат бахъинабизе ракІалда бугел школлъимал дагьал руго. Гьезда цІалул кІвар бичІчІизабизе ккола. Гьезда гьоркьор ратизе бегьула цІакъ гьунар бугел, амма жидерго бажариялда божуларел ва нилъер кумек хІажатал лъимал.

***– Мун лъугьана Россиялъул Президентасул Советалъул гІелмуялъул ва лъайкьеялъул рахъалъ гІолилазул ишазул Координационияб советалде. Пикру гьабуниц кинал масъалаби дуца гьенир цере лъезе ругелали?***

– Дие гьеб Советалде лъугьин ракІалдаго гьечІеб жо букІана, амма гьанже дун гъорлъе лъугьуней йиго. ГІолохъанай гІалимчІужу хІисабалда, дие бокьун буго дирго коллегабазе кумек гьабизе: социалияб квербакъиялъул, рукъзабазул, финансазул суалал рорхизе.

***– ГІагараб 5-10 соналда жаниб Дагъистаналъул гІелмияб цебетІей кинаб букІинилан кколеб дуда? Нобелил премиялъул лауреатазе хьул лъезе бегьулищ?***

– Нобелил премия щвезе ккани, дунялалъул даражаялъул къокъаялда хІалтІизе ккола. Дагъистаналда байбихьулеб буго гьеб рахъалдехун ралагьизе. Дида бихьулеб буго тІабигІиял гІелмабазде гІолохъабазул кІудияб гъира букІин. Жакъа аспирантураялде лъугьунезул къадар чанго соналъ цебе букІаралдаса гІемерго цІикІкІун буго. Гьединго дие бокьун буго гІелмияв нухмалъулесул бугеб кІудияб кІваралда тІадчІей гьабизе, гьес ракІаризе ккола гІолохъаби жиндаго сверун. Дагъистаналда гІелмияб букІинеселъул бицани – гІагараб заманалдаго цІакъ лъикІаб букІине рес буго.

***– Эркенаб заман кин дуца тІобитІулеб?***

– Дица хІухьбахъи гьабула гаджетаздаса, гІадамалгун кІалъаялдаса ва пикрабаздаса. Дие бокьула тІокІав чи гьечІеб бакІалда тира-сверизе яги дунго рокъой йикІине. ТІокІай хІалтІун бажаруларин ккедал, анкь босула хІухьбахъиялъе. Цадахъ хІалтІулезги гьеб заманаялъ дун хІалхьиялда тола.

***– ГІелмуялъул рахъалъ церетІезе ккани бищунго кІудияб кІвар сундул бугеб: гьунаралъулищ яги къойилго тІадчІчІун гьабулеб хІалтІулищ?***

– Гьеб кІиябго цолъизабиялъул батила, амма хІалтІи бергьуна. Лабораториялде студентал росулаго, ниж гьезул зачеткабазухъ гурел, гьезул хасиятазухъ ралагьула: малъараб босищ, бицараб бичІчІулищ, хехго ракІалда чІолищ... Гьезда гьениб кинабго кьучІдасанго малъула. Гьунар киназулго букІине бегьула, амма гьеб рагьизе ккола. ЧІахІиял хІасилал ккезе ккани, гьитІинал галабазул къуват хІалтІизабун, дагь-дагьккун рилълъине ккола цере.

***Гара-чІвари гьабуна***
***Аида Бабаевалъ***



# Макс Тилькел суратазда кавказалъул ретIел

***Цо-цо тарихчагIаз абула хIуригат бахъилалде цебе XX гIасруялъул байбихьуда Россия кинабго рахъалдасан цебетIун букIанилан. Гьединго цогидал пачалихъалгун экономикияб ва культуриял гьоркьорлъаби гьариялъульги. Гьединал гьоркьорлъабазул цо мисаллъун буго немцазул художник Тильке Кавказалде вачIинги.***

1909 соналъ Тулписалда 1852 соналъго рагьараб Кавказалъул музеялъул директор Александр Казнаковас Кавказалъул наместник И. И. Воронцов-Дашковасухъе битIула, Кавказалъул миллияб ратIлил тарихияб кIвар тасдикъ гьабураб ва гьеб гIасрабазе цIунизе ккеялъул хъвараб доклад. Гьес гьарулеб букIана Кавказалъул бакIазулал нухмалъулезда тIад къазе гьел костюмазул мисалал гьезул нухмалъуда ругел бакIаздаса ракIаризе. Гьединго гIелмиял экспедициялги гIуцIцIун рукIана. Директорасда ракIалда букIана 1910 соналъ Кавказалъул халкъазул ратIлил атлас гIуцIцIизе.

Гьеб атласалда тIад хIалтIизе 1912 соналъ ахIана машгьурав немцазул художник Макс Тильке. Гьев гьавуна Бреслау шагьаралда, Берлиналъул художествияб академиялъул студентлъун вугеб заманалъго щвана Италиялде ва Тунисалде тира-сверизе. Академия лъугIун хадуб хIалтIилев вукIана Берлиналда, Мадридалда, Парижалда. Берлиналде тIадвуссиндал, городалда гьес рагьана «Голодный пегас» абураб бечедал чагIи (богема) ракIарулеб кабаре. Амма бащдаб



*Кубачияй*



*МагIарулай*

лъагIалидасан гьеб къала ва Тилькел цIияб бокьулеб иш баккула – ратIлил цIех-рех ва суратал рахъи.

Ва 1911 соналъго Берлиналъул музеялда букIараб Липперхайдел костюмазул библиотекаялда тIобитIана, гIадамаз цIакъ лъикI къабул гьабураб, Тилькел тIоцебесеб выставка. Немцазул хIукуматалъ гьелдаса хадуб библиотекаялъе гьеб коллекция босизе гIарац бихьизабула.

Россиялде Тильке ахIизе гIакълу кьола живго Россиялъул император НикIалай КIиабилес. Художник щола Тулписалде. Цин гьесда ракIалда букIуна музеялда ругел костюмазул суратал рахъизе ва этнографиялъул экспедициязда гIахьаллъизе. Амма гьелъул пайда гьечIолъи бихьула хIалбихьиялъ. ХIукуму гьабула, миллияб ретIел ретIараб моделалъул фотосурат бахъизе (гьезул гIемерисезул цIарал лъала), хадур гьеб костюмал ричун росизе, ва мастерскаялда художникас тIубараб реконструкция гьабизе. Рес бугони М. Тилькеца моделалда тIаб букIагоги бахъулаан сурат.

Экспедициязда гIахьаллъиялъ художникасе рес кьуна гIумруялда гьел космюмал кин хIалтIулел, гьел ретIиналъул гIадатал, гьеб ратIлилъ гIадамазул рукIа-рахъиналъул нормаби рихьизе ва ричIчIизе.

Художникас дагъистаналъул халкъазул руччаби ва бихьинал рахъана акварелалъ миллияб ратIлилъ (кубачияй, магIарулай, гIандисей, тIиндисей), рахъана удинал, гуржиял, осетиял, армянал, татарал, азербайджанал (шемахиялгун нухиял), Каспиялъул рагIаллъабазул авлахъазулал калмикал, нугъаял, туркменал.

ТIаде щвана ТIоцебесеб ВатIанияб рагъ, ва киналго рагъаз гIадин,



Нугъаяй



Нухиялдаса яс

риххизаруна культуриял гьоркьорлъаби. Тильке тӀадвуссана Берлиналде, суратазул цо бутӀагун. ТӀубараб гӀумруялъ гьев дунялалъул халкъазул костюмазда тӀад хӀалтӀилев вукӀана. Гьесул творчествоялъул хаслъи буго, гьев гӀицӀго художник гурев, чанго тӀехь ва альбомал рахъарав. гӀалимчи вукӀинги. Гьев вуго машгьураб Вольфганг Брунгун цадахъ бахъараб «История костюма от древности до современности» абураб 5 том бугеб тӀехьалъул авторги. «Восточные костюмы, их дизайн и цвет» абураб 1922 соналъ бахъараб томалда руго Кавказалда рахъарал сураталдги.

Жакъа къоялъги С. Джанашиал цӀаралда бугеб Гуржиязул Пачалихъияб музеялда буго Тилькел 83 сурат. ГӀемерисел моделал рахъун руго жидецаго гӀумру гьабулеб бакӀалда, рокъор, аздабаралъур яги тӀабигӀаталда. Костюмазда цадахъ аксесуаралги руго рахъун (гӀарац-месед, ярагъ, бакънал рачунел алатал, рукъалъул цӀа-рагъ ва гь.ц.)

Тилькел хӀалтӀаби руго этнографияб бечелъи. 1936 соналъ СССралъул заманаялъ гьесул акварелазул къучӀчӀалда рахъун рукӀана 36 открыткаби «Народы Кавказа в национальных костюмах». 2007 соналъ Тулписалда бахъун букӀана 83 акварель жаниб бугеб «Костюмы народов Кавказа» абураб каталог.

***Доб заманаялъ жеги къерал ругеб фотосуратал рукӀинчӀо. Тилькел акварелазул кумекалдалъун нилъее рес щвана доб заманалъул ретӀел-хьит, ярагъ, месед-гӀарац бихьизе ругебги, доб заманалъул гӀадамазул гьурмал рихьизеги – доб жеги глобализация байбихьичӀеб заманалъул.***

***ХӀадур гьабуна***
***Гульнара Асадулаевалъ***



# ЛъагӀалил доб бищунго халатаб къо

***ГӀага-шагарго анцӀго – анцӀила щуго соналъ цебе нижер цо пишацоялъухъе бачӀана тӀогьиллъараб даптар, хатӀ цӀалун бажаруларищали балагьун, гӀурус мацӀалде сверизабеян. Гьел рукӀана ЦӀумада районалъул Гьадири росулъа Прибалтикаялъул хасаб округалда танкистлъун вукӀарав МухӀамад СаидхӀажиевасул ракӀалдещвеял. 1940 соналъ армиялде арав гьев, рагъул байбихьудаго асирлъуде нацистазул концлагералде ккола.***

***Гьаб журналалда бахъулеб бугеб бутӀаялда бицунеб буго рагъ кин байбихьарабали. Гьелдаса нахъе 85 сон аниги, жакъаги захӀматго буго 1941 соналъул июналъул дол захӀматал къоязул хӀакъалъулъ цӀализе.***

Росулъ отпускги тӀамун, дун часталде тӀадвуссине кколаан. Маххул нухде щвезегӀан нух бигьаяб букӀинчӀо. Гьеб мехалъ мунагьал чураяв инсуца абуна, тӀадвуссун дун Грозныялдасан витӀилилан. Дун разилъана. Эбелгун яцалги рокъор тун, эмен вилълъана дун тӀовитӀизе. Хванхи росдаде аскӀове щвезегӀан дунги тӀовитӀун, эмен нахъвуссана. Гьениса дунго гӀадал солдаталгун, автобусалда, дун Грозныялде щвана. Гьенисан поездалда дирго часталдеги щвана. Гьеб букӀана Шауляй шагьаралда.

Дица гьениб чанго моцӀ бана. Гьенисан дунги цоги чанго чиги танказул полкалде рачана ва гьениб дица хъулухъ гьабуна Паплака абураб бакӀалда букӀараб рагъулаб лагералда, 1941 соналъул 18 июналде щвезегӀан.

ЦӀияб хабар щвелалдего, нижер рагъулаб газеталда хъвалеб букӀана, нагӀана батаяв Гитлерица нилъер гӀорхъоде аскарал ракӀарулел ругилан. Ва, цо къоялъ тревогаялъул гьаракь рагӀидал, дида ракӀалде ккана: унго-унголъунги рагъдай байбихьарабилан. Гьеб мехалъ нилъер ра-

гъулал танкалги гIорхъодехун унел рукIана. Ниж къаси гьенире щвана, рохьор чIей гьабуна, ва полкалъул командирас, гIорхъода немцал данделъулел ругони, нилъги кьижизе бегьуларилан абуна.

Радал кьураб тревогаялъ гьениса гочине хIадурулел рукIаго, лейтенант Къасимовас абуна, дун гьанив нухбикьуда диспетчер хIисабалда тезе кколилан: «Гьаб нухдасан ритIе нилъер полкалъул номер бугел киналго танкал ва машинаби, цогидаб нухдасан цогидал номерал ругел танкал ва машинаби», – йилан. Гьеб тIадкъайги кьун, кодобе кIиго байрахъги кьун, дун тана санбаталъул ахирисеб машинаялда вачIайилан.

Латвиялдаса танказул дивизиялъул ва цогидал частазул хьвади байбихьана. Дун гьеб нухбикьуда хутIана радал сагIат лъабгоялде щвезегIан, гьенир рукIана рикIкIен гIемерал машинабиги танкалги. Цинги дун, нижер полкалъул санбаталъул машинаялдаги рекIун, 1941 соналъул 21 июналда дирго полкалда хадув гъуна. Германиялъул гIорхъоде щвезе 15 километр букIана. Гьеб букIана 1941 соналъул шамат сордо.

22 июналъул рогьалилъ немцаз байбихьана батIалъи гьечIого гIарадабаз ва минометаз кьвагьизе. Рагъ лъазабичIого тIаде кIанцIараб фашистазул армиялъ гIемерав чи чIвана.

ГьитIинабго гIоралда тIасан лъураб кьода аскIоре щведал, пулеметалъул кьвагьи бахъана: шоферасул гъеж лъукъана, радист Иван Косук чIвана, танк кьода чIун хутIана. Цинги танкалъул командир Халаленкоца диде амру гьабуна, люкалъусан къватIивеги вахъун, пулемет кьвагьулеб бакI балагьизе ва тIагIинабизе.

Дун гранатагун ва таманчагун танкалъуса къватIиве вахъана ва гIурухъехун хъурщизе лъугьана. Нижер пулемет кваранаб рахъалдасан кьвагьулеб букIана, немцазул – квегIаб рахъалдасан. КIиго кIудияб миккил гъотIода нахъасан кьвагьулеб бугилан кколеб букIана.

Цинги хъурщун вачIана нижер политрук Макаров, гьесда рикIкIадасанго бихьун батана пулемет бугеб бакI. Гьес дие хасаб буюрухъ кьуна: ниж гъоркь чIараб борхатаб гъотIода тIад бугеб пулеметалъул точка тIагIинабеян. Дир расул кьибил бахъун чIана. Кин, кинаб къагIидаялъ дица гьеб тIагIинабулебилан гьикъидал, гьес абуна: гранатаялъ, – илан.

Дун гъотIоде вахана ва гьениб танказде кьвагьулеб хасаб будка бихьана. Дун жеги 4-5 метралъ тIадегIан вахана. ТIанхазул шурщуралъги хьвагIулел гъутIбузги кумек гьабуна дие тушманасда лъачIого гъотIоде вахине. Дица граната рехана ва гьезул будка бортун бачIана ва кутакаб кьвагьа-гIанхъи бахъана. Баянлъана гьенив, кIиго-лъабго минагун, граждан ретIел ретIарав кIиго чи вукIин, минабиги кьвагьун, гьезул гьурмазул нахъе хутIараб бакI букIинчIо. Дир гьурмадаги цо-кIиго хъарса-кIатIи букIана. ГъотIолги, дун тIад вукIараб гIаркьел гурони, нахъе хутIараб жо букIинчIо. СагIатгIан заманаялъ гъотIодаса рещтIине кIоларого хутIана дун. Замполитас дие шапакъат кьезе рагIи кьуна.

Гьенисан танказда нахъе къалаго, ниж щвана Латвиялъул Рига шагьаралде, гьениб нижеда данде бачIунеб букIана цоги танказул полк. КъватIазда байбихьана немцазулгун рагъал, лъукъана командир-машинист. Ниж лъабго нухалъ кверзул рагъулъе ккана,ункъабилеб нухалъ цо тукада аскIоб штыкалъулгун рагъулъ дандчIвана кIиго фашист. Чохьолъ щвечIого букIине, дица гъеж ккуна цебе ва лъукъана. Гьеб сабаблъун, квегIаб квералъ туманкIги кьвагьизе кIвечIого, дун гIодов ккана. ТалихIалъ нилъер кIиго матрос тIаде векерун вачIана. Цояс штыкалъ нахъасан кьабун немец чIвана.

Цинги дица, гъежги бухьун, хIалтIизабизе кIолареб туманкI рехон тана, таманчаги, кIиго гранатаги босана. Рига шагьаралда тIад кверщел лъабго нухалъ хисана. Ахирги

нижеца гьеб рехун тезе ккана, нижее нухмалъи гьабизе командиралги рукIинчIо. Ахирисеб нухалъ шагьарги тун къватIире рахъараб мехалъ нижеда ратана танкалда жанир рагъухъаби – чIваралги лъукъаралги. Гьенив вукIана лъукъарав майор. Гьес нилъ сверун ккун ругин, немцал цебеккунго Белоруссиялда ругилан бицана. Гьединлъидал, нилъеца нилъеразухъего нух бахъизе хIаракат бахъила, бажаричIони – хвезегIан рагъила: «Нужеда гьоркьор танкистал ратани, тIаде рахъа», – ян буюрухъ кьуна гьес.

Дун, кверги борхун, унтараб гъежалъул пикруги гьабичIого, ахирисеб лахIзаталде щвезегIан вагъизе ниятгун, къватIиве лъугьана. Гъежги щулаго бухьун, дица пулеметалда аскIоб бакI ккуна; нижер патронал гIемерал рукIана, амма цIатари дагьаб гурони букIинчIо. Гьенисан ниж Вильнюсалдехун рагъарана.

Нухда нижеда гьаракь рагIана: цо гвандинисан кумек гьарун ахIделев вугоан лъелазул лейтенант. Гьенирги чIун хал-шал гьабидал, гьесул бохдул ругоан минаялъ тIезе гьарун. Бидулъ вегун вугев гьес лъим гьарулеб букIана. АскIоб бихьараб хьуцIцIихъеги векерун, дица дирго шлемалда жанибе тIун, лъим кьуна гьесие.

Гьес абуна, нужеда дие гьабизе кIолеб кумек гьечIилан. «Нужги гьаниса нахъе а. ТIаде бачIинеб буго немцазул къуватаб армия. ГIадада хвечIого вукIине, дида аскIоб лъе гранатазул ящик, гьезда лъолел капсулабиги дир сумкаялда жанир руго, гьелги росе».

Нижеца гьесда аскIор лъуна гранатабиги капсулабиги. Гьединго гьес гьарана жив гIаркьалабаз, вихьуларедухъ, вахчизавун теян.

Ниж гохIде нахъе сверана. Рохьил рагIалда танкал рахчулел рукIаго, Вильнюсалдаса Ригаялде унеб нухдасан хьвадизе байбихьана немцазул мото-полк.

Дов бахIарчияв лейтенантас мотоциклистал риччан тана; цинги цоялда хадур цоял рачIунел рукIана гIарадаби нахъа рекIинарурал машинаби. Гьезда ракIалдаго букIинчIо гьужум дандчIвазе. Гьеб мехалъ лейтенантас байбихьана гранатаби рехизе. КIиго-лъабго машина кIалагъоркье чIвана, цогидалги чIана. Гьеб лахIзаталъ нижецаги байбихьана пулеметаз ва гIарадабаз цIа лъезе гьел нагIана батадазда. Нижер рахъалдехунцин руссине течIого, нижеца гьезул гIемерал рагъухъабиги техникаги щущахъ биххизабуна.

Цинги нижеца танкал рохьоречун руссинаруна. Амма рохь ризаб батана, церехун рилълъине рес букIинчIо. ТIаде ккана цо гьитIинабго росдаде. Немцал ругищилан гьикъа-бакъидал, нижее жаваб кьуна гьаниб кинабго немцаз ккун бугилан.

Нижеца хIукму гьабуна бакъбаккул рахъалдехун гочине: рорчIани рорчIила, рорчIичIони – чIвала, – ян. ЦIатариги лъугIун чIарал танкал нижеца рахчана, щибго щвелародаян къасилъагIан чIана. ЩвечIо.

Цинги нижер командир, лейтенант Захаровас абуна: «Хириял гьалмагъзаби. Нилъ гьанже гьел танкалгун къватIире рорчIизе гьечIо. РачIа гьадин гьабизе. Буго буюрухъ, нахъе къалел ругони, хIалтIизаризе бегьулел танкал яги ярагъ тушманасе тезе бегьулареб. Гьел хвезаризе ккола. Цинги нилъ лъелго нилъерго армия балагьизе рилълъина».

Гьесул буюрухъалдалъун ниж нухда рахъана. Дир лъукъараб гъеж гьорона, тIокIаб хьвадизе кIолеб букIинчIо, кваназе-гьекъезе жо букIинчIо, нахъа хутIана, лъавудаса ана, лъавуде вачIана. Цо нухлул рагIалда ватана. Лъавуде вачIиндал, дун сверун ккун вукIана немцазул солдатаз, гьедин асирлъуде ккана гIемерал цогидал солдаталгун ва офицерзабигун цадахъ...

*ХIадур гьабуна*
*Гульнара Асадулаевалъ*

# РакIалда буго...



БачIана исанаги 8 абилеб сентябрь, мунагьал чураяв ХIамзатил Расул гьавураб къо... Пикрабаз ячана чIаго вугеб мехалъ Расулилгун рукIарал дандчIваязде, дол соназ гIемер щолаан рукъоениги, хIалтIудениги, шагIирасухъе. Кидаго гьес дандчIвай гьабулаан жиндиего хасиятаб махсарогун. Махсарабиги рукIунаан магIна бугел, гIумруялда хурхарал, ва инсан пикру гьабизе тIамулел.

Цо къоялъ рукъалъул азбаралда ватарав Расулида тIаде щвейдал, дица гьикъана:

– Щиб хIал бугеб, Расул ХIамзатович, – илан.

– ЛъикI букIине бегьилищха, Джамиля, гьадигIан захIматаб дунялалда, – йилан жаваб гьабуна шагIирас. ЦIакъ гьесул рахIат хвезабулеб букIана ахирал соназ дунялалда, хасго Дагъистаналда кколел пашманал лъугьа-бахъиназ. Цо батIияб ва берцинаб рекIел парахалъи рещтIунаан гьесухъе щведал. ШагIирасул гIакъилаб ва магIнаяб калам рагIидал кIочон толаан ва киралиго хутIулаан гIумрудал свералабазул захIматал лахIзатал.

Цо къоялъ дир кучIдул цIалулев ватана Расул. Гьезие лъикIаб къиматги кьун, гьес гIажаибго абуна: «Дуе гьаб судиялъи щай, мун судияй гурей, шагIир йиго... Гьадинал шигIраби хъвалей чIужугIаданалъ хIукмаби кин къотIулел, къоло цоабилеб векалъул гIаламат», – илан.

ШагIирасул рагIабаз кидаго куркьбал гъолаан дида, дунялалдаго цIар рагIарав шагIирас дир мукъсанал мухъазе кьолеб къиматалъ, дун тIамулаан гьитIинго кучIдузде букIараб рокьи цIидасан борчIизабизе...

Москваялда, шагIирасул памятникалъухъ тIугьдулги лъун, цо лахIзаталъ пикрабаз кодое йосарай дидехун: «КIудияв шагIир, диеги рокьула ХIамзатовасул кучIдул», – ян кIалъан ячIана гIансаги кIутIарай цо гIурус кIодо. Дун Дагъистаналдаса йикIин

лъайдал: «ТалихIай, гьесулгун цо ватIаналдаса», – ян абуна гьелъ дихъги ялагьун. «ТалихIай, – ян такрар гьабуна дица диего, – чIаго вугев мехалъ дандчIвазеги, чанги гIенеккизеги щварай». Цинги гьелдехун йиссун жавабги гьабуна: «ТалихIал нилъ киналго, гьадинав шагIирасул гIасруялда гIумру гьабизе щварал, гьадинав шагIир нилъер вугел».

Расулил цо кочIолъ буго:

*«Дун шагIир ватани – мун шигIру йиго.*
*ШагIирзаби уна, шигIру хутIула.*
*Дун гIащикъ ватани –*
*мун гIищкъу йиго,*
*ГIащикъзаби уна, гIищкъу хутIула», – ян.*

Ана нилъедаса кIудияв шагIир, хутIана нилъее Гьесул гьайбатал шигIрабиги, свин гьечIеб гIищкъуги, дуняналде ва гIадамазде рокьиги, ракьалда рекъелги... РачIа гьеб цIунизин!

ЦIунизин, нилъее киназего хирияв, жиндир мунагьал чураяв, нилъеда рихьулел къункърабазул тIелазулъ зобалазда боржунеб гIасруялъул шагIирасул рухI бохизелъун!

* * *

ХIамзатил Расулица
Арал соназ абуна:
– Гьаб Дагъистан дир гурин,
Доб батIияб букIанин.

БатIияб букIана доб,
Нилъер бокьулеб улка,
Бикьун тIагIараб ватIан
ТIокIаб нахъе щвеларо...
Урхъун йиго дун долъухъ,
РакI буго дир долде щун,
Щущараб ватIаналде
РещтIунеб буго пикру.

Доба лъимерлъи буго,
ЛъикIал лахIзатал руго,
ГIадамазул ракIазулъ
РукIел ккун хинлъи буго.

ГIурусалгин аварал
Дора гъорлъ журан руго,
Гьабулебгин бицунеб
Цоцазде гIагар буго.

Улбуца лъималазе
Тарбия кьолеб буго,
ХIукуматалъ хIалтIухъан
КIодо гьавулев вуго.

Кавказги Россияги
Доба гьуинго буго,
Гьанир «чуркаби» гьечIо,
Чорокаб пиша гьечIо.

Республикаби дора
Цоцалъ берцинго руго,
Гьалбал къабул гьарулеб
КъагIида лъикIаб буго...

...ЛъугIана доб СССР,
Свана долъул чирахъал,
Чияраллъун лъугьана
Нилъ нилъер улкаялъе.

Дагъистаналъул цIваби
ЩIогьабилъун ратана,
ЦIар араб нилъер ватIан
БатIиялде сверана.

Расул, жакъа дицаги
Такрар гьабулеб буго,
Гьаб Дагъистан дир гурин,
Доб батIияб букIанин.

Дуцаго гIадин, сарин
Дицаги хъвалеб буго:
– Дир гIагараб Дагъистан
Дуе лъугьараб щиб, – ян...

Къо-мех лъикI дуй, Дагъистан,
Шамилица цIунараб,
Муридзабазул бияз
Чанги гохIал чурараб.

БахIарчиял умумуз
Учузлъизе биччачIеб,
Учузаб пишаялъе
Киданиги хъат чIвачIеб...

*Джамиля Пахрудинова*



# БецIдерил ракьалда тIатараб жавгьар

***БецIдерил ракьалда тIирщараб тIогьол къисматалъул къиса цIакъго гвангъана. ГIарцуда рухI лъурай магIарулалъул цIар борхалъиялде боржун батана. Авар миллаталда цого цо йигей, халкъияй художник, дур тIадегIанлъи! «ГIарцул» симфония цолъулеб буго лъаразул чилигун, мугIрул бакъналгун. Алипат, жакъаги бегулеб буго дур устарлъиялъул бицунеб даптар. ГIагараб миллатги гьелъул тарихги гьел дур асаразулъ кенчIелел руго. БецIдерил ракьалда тIатараб жавгьар Аваристаналда нурлъун рещтIана. Художник-ювелир Багъаевалъул асараз жегиги асир гьарила.***

*«ГьитIинаб Дагъистанги» каранде къан...*

Дун дирго беразда божулей йикIинчIо – унго-унгоги тахшагьаралъул цохIо рукъалъулаб гIадатабго квартираялъуб хIебтIун бугоан «гьитIинаб Дагъистан». Балконалде жание лъугьиндал, рекIел кIутIигицин хисанин ккола. Пикрабаз пикраби хисун, анищазул куркьбазда щун ятана магIарухъе. Гьале цебе бачIунеб буго гIадатаб росдал сипат, магIарулазул рукIа-рахъин. МагIаруллъиялъул гьуинаб махIалъ цIураб рукъ – къадада дализабун

бугеб щибаб тIагIелалъ бицунеб букIана миллаталъул гIадатал-гIамалазулги тарихалъулги хIакъалъулъ. Гьеб лахIзаталъ дир пикрабалъе рещтIана, бакъалда гIодойги чIун, щар чIвалей йигей кIодоэбелалъул суратгицин – хьул лъуна щаридеги, щарида тIаса нахъе босулеб тIорахьалдеги, щарги гьалун лъугьунеб рододеги нисдадеги.

Гьале доб, магIарулазул ВатIан. Гьанисан къисматалъ нухарегIана Алипат Багъаева искусствоялъул хIикматаб дунялалде. МагIарухъ бугеб гьединабго хIикматаб берцинлъиялъ щурана магIарулалъе гьелъул букIинесеб къисмат…

Балконалъул гьабцояб рахъалда – Алипатил хIалтIул бакI. Гьале гьаниб лъола гьелъ гIарцуда рухI – Алипатил килщазукь кьуркьудун толел куц гIарцул тIагIалабазда лъолел нагIлаби. Ва дида цебе букIана художникалъ гьабизе байбихьараб иргадулаб баргъич.

ГIагараб БацIада росдал рорхалъабазда кунчIараб гьелъул цIваялда рижана гIемерал гIаркьалаби. Нурлъун рещтIунел руго жакъаги гьелъул устарлъиялъул тIагIелал гIагарал мугIрузда.

Жиндирго рукъалъул балконалда гIуцIараб «ГьитIинаб Дагъистанги» каранде къан, Алипатица нилъее бицунеб буго гIагараб миллаталъул тарихалъул къиса. Дида ккола, гьеб бокIоналде ялагьидал, гьелъул гьира дагьабги цIикIкIунеб батилин, лъималгIан жиндеего хириялльун лъугьун ругел гIарцул тIагIалаби гьаризейилан.

Ва гьезул симфониялдаго цадахъ нилъехъе тIадбуссун бачIунеб щибаб тIагIелалда хIикматай мугIрул чIужугIаданалъ бекьулеб буго умумузул бакъназул свин гьечIеб чвахи.

РачIаха цадахъ гIенеккизин гьеб симфониялъухъ нилъги.

Жакъасеб макъалаялда бицен гьабизе бокьун буго Дагъистаналъул мустахIикъай художник, магIарул руччабазул цого цо йигей, Дагъистаналдаги кIиабилейлъун йигей (Манаба МухIамадовалдаса хадуй), Дагъистаналъул халкъияй художник, Россиялъул Художниказул союзалъул член, Гъуниб районалъул БацIада росулъа Алипат Багъаевалъул хIакъалъулъ.

Машгьурай, къанагIаб гьунаралъул магIарулалъул хIакъалъулъ хъвазе бокьилаанилан абидал, ТIубхIат Зургьаловалъ гьикъана жидер Алипатил хъвазе бокьиларищилан. ШагIиралъ гьелъул хIакъалъулъ бициндал, гьейгун цадахъ дун гIедагIана Алипатихъе.

Нижеда дандчIвай гьабуна гIадатияб гуреб берцинлъиялъул магIарулалъ. Гьумерго цIураб гьелъул гьимиялъ лъикI щваралилан абулеб букIана. Рокъое жание лъугьиндал, бищунго цебе бер речIчIана рамкабазда жанирги лъун къадада ран ругел дипломал-грамотабазда, баркалаялъул кагътазда. Ва гьале – Алипатил дипломалъулаб хIалтIиги – гьитIинабго гулгун. 1973 соналда гьабураб гьеб жакъа гьабураб гIадин бугоан цIунун хутIун. 50 соналъ гIарцул куназ угьулеб буго Алипатица Дагъистаналъул халкъазул къисмат.

### *ГIарцул куназ угьараб къисмат*

Гьаюна Алипат Гъуниб районалъул БацIада росулъ. ГьитIинго бижана гьелъулъ суратал рахъизе махщел.

– ТIоцебе дир гьеб махщел тIатана эбелалъе. Гьелъ кидаго берцинал рагIабаздалъун гьира базабулаан дир суратал рахъиялде. Школа лъугIун хадубги гьелъул малъа-хъваяздалъун лъугьана дун МахIачхъалаялде, Джамалил цIаралда бугеб художествияб училищеялъул «Художественная






обработка металла» факультеталде. Гьеб искусствоялъул балъголъаби дида гъваридго лъалароан. Амма гьитIинго рокьулаан эбелалъул гIарцул тIагIелал – баргъичал, курхьаби, кIилкIал, рахсал, – илан ракIалде щвезабуна Алипатица.

Училищеялда цIалулаго, гьелда лъана машгьурал ракьцоял Р. ГIалихановасул, Г. МухIамадовасул, М. Жамалудиновасул, Б. Гьиматовасул, М. МухIамадовалъул творчество. Гьеб киналдего тIадеги гьелъ ургъана цохIо жиндирго хIалтIабазе хасал накъищалги.

Училищеялда цIалулеб заманалдаго, Алипатил хIалтIабазе тIадегIанаб къимат кьуна студентазул хIалтIабазда гьоркьор Москваялда ва Ленинградалда тIоритIарал батIи-батIиял выставкабазда.

Училище лъугIун хадуб кIиго соналъ Дагъистаналъул бакIалъулаб промышленносталъул министерствоялда худуожник-конструкторлъунги хIалтIун, Алипат тIадюссана гIагараб училищеялде. Ва хIалтIана гьений къого соналъ.

Дица тIатIала юссун бегулеб буго «ГIарцулаб симфония» абун цIар кьураб, Алипат Багъаевалъул асараздаса гIуцIараб гьитIинабго тIехь. ХIалтIабазе кьурал цIараз бицунеб буго кинаб даражаялда художникалъе хириял ругелали Дагъистанги дагъистаниялги: «Асият», «МагIарулай», «Их», «Дагъистанияй», «Гьалбадерил рукъ», «Айша», «Эбелалде рокьигун», «Кубачияй», «Гюльчатай», «Хасалихълъиялъул кьер», «КвацIи» ва цогидалги.

Алипатил хIалтIабазул тIобитIана жийго бетIергьанабункъо выставка: Москваялда – цо, МахIачхъалаялда – лъабго, чанго гIагараб Гъуниб районалдаги. Художникалъул асаразе тIадегIанаб къимат кьуна Сочиялда, Вологдаялда, Майкопалда, Ростовалда, Франциялда тIоритIарал цадахъал выставкабаздаги. Чанго соналъ тIатIала гIахьаллъана Алипат Калиниградалда тIобитIулеб выставка-конкурсалда. Масала, 2021 соналда выставкаялда гIахьаллъана 300 хIалтIигун 130 художник-ювелир.

Алипатги гIахьаллъана «Хазина» баргъичгун. Ва «Мастерство» номи-

нациялда гьеб рикIкIана бищунго лъикIаблъун, ай, мустахIикълъана тIоцебесеб бакIалъе. «Хазина» – гьеб сайгъат гьабун буго ХIамзатил Расулил творчествоялъе – нагIлиялъул бакIалда – гъутухъ. Гьеб рагьарабго, къватIире рачIуна шагIирасул тIахьал. Гьединабго баргъич сайгъат гьабун буго Фазу ГIалиевалъеги. Гьебго хаслъиялъул буго «ХIабиб» абун цIар кьураб, ХIабиб НурмухIамадовасе сайгъат гьабураб баргъичги. Гьенибги – нагIлиялъул бакIалда хIикматаб гъутухъ. Гьалеха рагьана дицаги гьеб – ХIабибил хъахIаб тIагъурги, гIарцул куназ хьухьараб, гьелдаго аскIоб – гьесул хIаязул гIаламатги, гьединго цIар тIад хъвараб «хъарщиги».

– Цо-цо мехалда темаги хIалтIул хаслъиги батизе дие кумек гьабула васасулги ясазулги ясаз. Гьез ралагьун рачIуна дие берци-берцинал ганчIал. Гьезул хал-шал гьабулаго, цебе бачIуна гьабизе бугеб хIалтIиги, асаралда лъезе бугеб цIарги. Дир тIагIалаби руго Россиялъул шагьаразул музеяздаги. Амма гьел ричун росизе музеязул хIалтIухъаби рачIиндалги, ракI букIунаан кIетIелеб, ричунгIаги унареланийилан абун, ричизе инкар гьабизеги кIоларого. Дида киданиги ракIалдецин ккечIо лъие ругониги дирго асарал ричизе. Дие гьел ккола дирго хириял «лъималлъун», – илан абуна Алипатица.

Гьеле гьединай йиго гIадатияй магIарулай, амма ТIадегIанас гIадатияб гуреб махщел кьурай чужугIадан Алипат КъурбангIалиевна Багъаева.

*МугIрузул ганчIазда накъищ бекIкIулей*

МугIурузул ганчIазда накъищ бекIкIулей, лъималлъун реэдун гьезда рухI гъолей, бецIдерил росдада нурлъун гвангъарай авар миллаталъе жавгьар йиго мун. Гьел дур асараца асир гьаюрай, пикрабалъ цIидасан – духъе гьоболлъухъ. ВатIаналъул тарих, гьелъул борхалъи дур килщаз угьана дуниялалъе. Жакъаги бахилго ялагьун йиго къадругун асс бугей магIарулалъухъ. МугIрул чIужугIадан дур асаразулъ талихIалде данде гьимулей йиго. ГIагараб Дагъистан машгьур гьабизе, дур бугеб жаналъул – багьа кIудияб. Борхалъи гьарула дур рорженалъе, анищазе роцIен гьарула дица.

***Шамай Хъазанбиева***

* * *

Дие эбел йикIана ва йиго сундулъго мисаллъун – хьвада-чIвадиялъулъги, гIамал-хасияталъулъги, гьабулеб хIалтIулъги, хIалтIи бокьиялъулъги. Эбелалда сундулъго бихьула гIицIго берцинлъги – сверухълъиялдаги, тIабигIаталдаги, гIадамазулъги. Дун бахиллъула гьелъул сабруялда, цIодорго, гIакъилго гIарцуда бикIулеб щибаб накъищ бихьидалги. Щибаб цIияб асаралда тIад гьей хIалтIула, тIоцебе гьабулеб бугеб гIадин. Щибаб тIагIелги гьелъие бокьула лъимер гIадин. Амма бищунго цIакъ дун пана гьаюла эбелалъул гIадатлъиялъ. «Дун», «дица», «дир» абурал жиндиего рецц-бакъ гьабулел рагIаби жеги рагIичIо гьелъ абулел. Гьелъго батила гьей магIарулаздагицин рагIунги ятуларей.

Гьеб киналдегоги тIаде гьей йигей цIакъай кIодоэбелги. Нижер, кIияйго ясалъул ва васасул, ясазе гьелъ бицун толеб гьуинаб мацI. Гьезул буго берцинаб гьудуллъи. КIодоэбелалъул кумекчагIиги ккола гьел. Гьезги «малъула» гьелда цо-цо накъищал рикIизеги, гьелъие, гIарцуда нагIлилъун лъезе рукIине, берци-берцинал ганчIалги ралагьула гьез.

Росасул лъади хIисабалдаги лъималазул эбел хIисабалдаги йосани,







гьеб кинабго хIалтIуда цадахъ гьелда кIвана ва бажарана хъизаналъул гъанситоги гъанситохъ цIаги цIунун. Гьелъие кидаго тIоцебесеб бакIалда букIана хъизан-рукъ. Гьелъго батила ТIадегIанасги гьей талихIайлъун гьаюрай, ва Гьесул кумекалдалъун гьелъухъа бажарана кIиабилеб хъизанлъун жиндие бугеб «ГIарцул хазинаги» цIунун.

***Раисат Багъаева,***
***художник-ювелир, Россиялъул***
***Художниказул союзалъул член,***
***Алипат Багъаевалъул яс***

* * *

Алипат Багъевалъул гIарцул тIагIелал машгьурал руго гIицIго Дагъистаналда гурелги. Гьел лъала Россиялдаги. Художникалъ санайилго гIахьаллъи гьабула Россиялда тIоритIулел цадахъал выставкабазда. ГIарцул устаралъул цIар дагьабги машгьурлъана «ГIарцулаб симфония» абураб цIаралда гъоркь тIобитIараб персоналияб выставкаялдаса хадуб.

ТIадегIанаб филиграналъул техникаялда гIарцул куназ хьухьарал, угьарал гьелъул асараз асар гьабичIев чи хутIулев ватиларо. Цо тIокIлъиги буго Алипатил хIалтIабазулъ – миллияб хатIги, гIадаталги, рухIги цIунун бажарана гьелъухъа жиндирго асразулъ.

Гьале доб унго-унгояй дагъистаниялъул гIарцулаб симфониялъул балъголъиги – гIагараб ракьалде буге рокьи. ГIарцул тIераналго куназда цадахъ гьелъул килщазукь кьурдула рокьул куналги.

ХIалтIудаса нахъеги ун, хIухьбахъиялда йигониги, гьелъул ракI сасунаро сабруялда чIезе. Ва цIидасанги жиндирго асаралгун цолъулеб буго художникалъул рекIел асаралъул симфония.

***Екатерина Ермакова,***
***Искусствовед, РФялъул***
***культураялъул МустахIикъай***
***хIалтIухъан, Востокалъул халкъазул***
***Пачалихъияб искусствабазул***
***музеялъул хIалтIухъан***

# РикIкIадаб магIарулльи Бихьана, гьудул, макьилъ...

Дагъистаналъул мустахIикъай журналист, публицист ПатIимат ГьитIинова гьаюна I966 соналъул 10 сентябралъ Гьидалъ. ЦIалана ГIурада гьоркьохъеб школалда. ГьитIинго хъвалаан кучIдул. ТIадегIанаб филологияб лъай щвана Дагъистаналъул пачалихъалул университеталда. 2000 соналдаса нахъе хIалтIана «ХIакъикъат» газеталда, цадахъго хIалтIана «Гьудулльи» журналалда, «Ассалам» газеталда, ГТРКаялъул магIарул редакциялда. ГьитIиновалъ редакторлъи гьабуна «Гьидалъ» жамгIияб газеталъе, гьей йикIана «Миллат» редколлегиялъул членлъун. 2011 соналдаса 2020 соналде щвезегIан хIалтIана Шамил районалъул газетаги, телевидениеги, радиоги гъорлъе уneб «Информцентралъул» нухмалъулейлъунги.

Гьеб киналдего тIаде, ПатIиматие кутакалда бокьула гIумру, гIадамал, лъала гьудулльиялъул къимат, гIумру кьезе хIадурай йикIуна гIагарлъиялъе. Гьелъие нугIлъи гьабула ПатIиматил шигIруялъ ва гьелъ гIадамал кIодо гьарун хъвалел тIахьаз.

Юбилеялъул къоялги тIаде щолел ругелъул, цо-кIиго кечIниги битIе журналалда бахъизе йилан хъвайдал, бачIана ПатIиматил гьадинаб жаваб:

«ЩагIирлъи ТIадегIанас кьураб гьунарги гьелда тIад хIалтIун чиясулъ камилго шулалъараб гIелмуги бугин тола дица. ТIадго хIалтIичIого хIикматаб берцинлъи, гъварилъигун пасихIлъи бугеб цо-чанго кечIги загьирлъун, халкъалъе вахчунги хутIула чанги чи. «Унго, гьал рагIаби лъилдай»- ин паналъизеги гьарула гьединал къанагIатал жугьабаз.

РагIаби дандран, кочIол манзилалда мухъал сокIкIуневщинав чиясде шагIирин абизе дида кIоларо, кигIан гьез жал шагIирзабиян ахIи баниги. ЦерегIан гьел кIанцIанагIан, щигIрияб рагIул магIна бичIчIулел, къимат гьабулел чагIи рикIкIалъула, лъимхIалаб хъабахъ гIадаб тIагIмикъаб, «шагIирлъиялдаса». Гьеле гьединазулъ букIинаан дирги «шагIирлъи» цебе тункизеян лъугьарайани. Кин бугониги, лъицаялиго гьарун, гьадинго рекIелгъеялъе, баркигун баркала хIисабалда хъварал цо-цо куплетал дирги рорчIана къватIире. Хъванщинаб цIуничIо, рихъана, рилана, кIочана...

Журналалда лъезе кучIдул кьеян Бахуца буюридал, цIакъго кIодого бихьана «дур кIучIдул» – ин аби. Цо магIнаяб макъала хъвай, лъилгун бугониги цIакъаб накъит гьабеян абурабани, «балагьилинха, ургъилинха» абун гIамал кIодого багьагицин гьабизе бегьилаан))).

КигIандагьайниги ургъичIого кьолел руго, тIад хIалтIичIел, рачIухъе хъван арал мухъал. Гьезул цо-цоял кIодогьаруна газет-журналазда рахъунги, гьунар камилал нилъер кочIохъабаз кIудияб сценаялдаса ахIунги. Узухъда, гьел мухъазулъ дагьабниги магIна бихьаразе ракI-ракIалъулаб баркалаги буго...»



### *Мухбиралъул пикраби*

Папкаялъуса раккун
Кагътал руго кIалъалел
Понедельник щвелалде
Макъалаби хъвайилан.
ЦIоробералги тIад ран,
КIудай профессор гIадин,
Къулула гьезда тIаде:
– РачIаха хIалтIизеян.

Гьабги жо хIалтIиййищан
Паркъула ботIролъ пикру:
ХIалтIи буго – магIарухъ
Хурул ссанда хер беци.
Лъоба рагIал бихьула
Гьабулеб пишаялъул,
МагIишат цебе тIола
ХIаракат бахъарасул.

Макъалаби дие щай? –
Магьал раччи бокьила!
Магъилъ цIадакьги йиччун,
Рокъой щвезе бокьила.
Бокьила, иццухъе ун,
ГIеретIги цIун ячIине,
ЧIарадулел ясазул
Саринахъ гIенеккизе.
ЧIарал махI бугеб гьорой
ХIухьбахъун гIодой чIезе,
Рехьед буссунеб гIужалъ
Чараб гIака бечIчIизе...
Бокьанщиналъул бицун
Гьаниб дир хIал кIвеларо,
КIваниги къаламцояз
Къабул гьеб гьабиларо.

Макъалаби хъвайила
Пайда гьечIел мугьазухъ,
Мухъал рикIкIун бикьулеб
ГьитIинабго харжалъухъ.
Гьелдалъун цебетIолеб
БутIа бихьулеб гьечIо,
Черхалъе хIалхьи гуро,
РакIалъе рахIат гуро.

ЧIунтулеб культураги
ХIасил гьечIеб моральги
МагIарулазе чIамун
ЧIамучIлъунги ятила.
«ХIакъикъат» газеталъул
МагIишат гIатIилъизе
Цо фермаги рагьун дун
Росулъе йитIани щиб...

Хадурго кумекалъе
КочIохъабиги цIцIала,
ЦIияб культурный колхоз
ГIуцIила культ-отделалъ.
ЦIикIкIун бажари бугел
ГIиял къавуда тела,
КочIол накъитазухъе
МагIишат бечелъила.
ЦIияб гьан, рахь, гIиял хIан
Камун нуж хутIиларо,
«Золотой Орелалъе»
Свежий нигIматал кьела...

Пал-хIасил, дир пикраби
Гьаб кагътида регана,
РакI рекъарас гъеж гуре
Гъулбасал гъоркь гьаризе.
Хадуб, гьаб гIарзги босун,
Рилълъина нилъ ГIалихъе,
Гьевгун ургъун цо дельный
ХIукму къабул гьабизе.
*2007*

* * *

РикIкIадаб магIаруллъи
Бихьана, гьудул, макьилъ,
ГIурул хъуди, тIармил сас,
ТIогьолъ босараб майдан.
ГIурччинаб расалъуда
ТIибитIун гIиял рехъен,
Щивалиго вилун дун,
Кибалиго дур гьаракь...

Лъоба, некIсияб содухъ
Сасун гIодов чIун херав,
Харбие чи гьечIого
ЧIобоголъун годекIан.
ДандбитIун доб росулъа
СухIмат-кепалъул гури,
Сверулъе рахъун ясаз
Биччалеб щобил бакъан...
Сардил бецIлъи лъугIулеб
Рогьалил байбихьуда
Рагьараб горду буго
Лъалареб шагьаралде...

Гьаб макьу хIакъикъатищ?
Дун йигеб ракь макьуйищ?
Щивалиго вилун дун,
Кибалиго дур гьаракь...
*Прага, 15.06.2008.*

* * *
ГанчIил бахъухъ гьабулел,
ЧIегIераб хъахI гьабулел,
Хъубабгицин, гъалай тIун
Меседлъун чIезабулел.
Нужелъ жундул рихьулел
РикIкIалъизе гьарулел,
ЖужахIалъул агьлугун
Бухьен тIезе толарел.
Тухумалъул кьолболъе
КьогIаб загьру тIинкIулел,
Заралияб мацIалда
ГьоцIо бахун кIалъалел.
Огь, хIикматал руччаби,
Огь, хIалкIварал руччаби,
Чан бахIарчи нужеца
Макруялъулъ жемарав!!
Щвела тIаде, гIунтIила
Сурав босулеб сагIат,
Аль-ХIаким – БетIергьанас
ХIукму къотIулеб лахIзат!

***ТIолареб чIва хутIана***

Макъала хъвазейилан
Кагътиде къуларай дир
КъатIраби магIил руго
ТIанчида тIад щущалел.
ГIумрудул, гIадамазул
ЦIалдолезе бицине
Кодоб босараб къалам
Килшакь буго сorолеб.
ЦIалдолел, тIаса лъугьа,
Гьанжесала дир хабар
Нужей гIахьалаб гуреб,
Къаламцоязе буго.
Къиматаб магIарул мацI,
Кинаб заман щваниги,
Щибаб росулъе кьолеб
Гьалмагълъиялъе буго.
Росулъе чIалгIен цIикIкIун
МагIарухъ рещтIарай дир,
ТIолареб чIва хутIана
Хъизан – «ХIакъикъаталда».
Дир вас-васди бихьидал
Шахтаманов кIалъана:
ПатIимат, тIад юссайин,
Дур бакI гьаниб бугилан.
Мун жеги ургъейилан,
ГIодой виччан дий кьураб,
Камаловасул гIакълу
Такрарлъула пикрабалъ…
Европаялъул Макка –
ЧIухIараб Прагаялда
Бищун тIадегIанаблъун
Бихьана дир «ХIакъикъат».
ХIакъикъат бихьулареб
Штататазул политика
Биун тIуниги инчIо
Ургьимесалда жаниб.

ГIуждаго юссана дун
ГIагараб ватIаналде,
ГIурул хъуди, тIармил сас
ТIибитIараб ракьалде.
Иццухъа гIеретIги цIун,
АваргIурул рагIалда,
ГIодой йиччан йиго дун,
Гьанже, дир гьудулзаби.

Гъойсуялъ босун унеб
Нус-нус иццазул лъимгун
Салам битIулеб буго
Каспиялъул рагIалде.
Каспий ралъдал рагIалде,
МагIарул газеталде,
Дир рохелги ургъелги
Бикьараб тIалаялде.

Салам битIулеб буго
ТIолго коллективалде,
Компьютеразул рокъоб
Рекъараб къокъаялде.
Нужгун чайдал истакан
Гьекъезе хиял буго,
Хабар къотIун мугIрузда
Яхчун чIезе къасд гьечIо.

Гьаний йикIун кIалъала:
Нижер «ХIакъикъатилан»
ХIакъикъаталда, ясал,
Дун нужехъ урхъун йиго.
Гьаб кинабго бичIчIундай,
Ахираб гьумералда,
Дир цIар цIунун хутIараб
Хъвадарулезул мухъилъ.
Гьеб хъвагIазе теларо
Дицаги, гIумру кьуни,
Кьела цо-цо пикраби
Бокьулеб газеталъе…
*2009*

## Разият Къурбанова



# Дие бокьун букIана гьев цIунизе...

***Жиндирго къисмат Разият Джалиловна Къурбановалъ къабул гьабула кинабго Аллагьас хъвараб букIинги бичIчIун. Амма, гьелдаго цадахъ, гьелъул ракIчIараб буго инсанасда жиндирго гIумру хисизабизе кIолеблъиялда.***

***Миллияб проекталъул ва цогидалъулги хIакъалъулъ ...***

– Нижер бугеб кIудияб бечелъи бихьулищ, – ян шагьаралъул Централияб лъималазул библиотекаялъул директор Разият Джалиловналъ библиотекаялъул фонд бихьизабуна. Гьелдаго цадахъ, гьеб библиотекаялда, кодоб тIехьгун сихIкъотIуда гIодор чIезе бокьулезе ва гьединго интерненталдасан цIалдолезе киналго шартIал чIезарун руго.

Гьелъ бицана, кинабго байбихьанила «Культура» абураб миллияб проекталъул бутIа хIисабалда, гIумруялде бахъинабураб моделалъулаб библиотекаялъул хасаб дизайн гIуцIиялдасан.

– Библиотекаялъул коллектив гIуцIун буго гIаммаб мурадалъ цолъизарурал, гъирагун хIалтIулел гIадамаздасан. Гьел руго къанагIатал хIалтIухъаби», – ян абуна Разият Джалиловналъ.

– Вааа, нужер гьаниб рокъоб гIадин буго, – ян гьенир ругел гьанжесел информациялъулал алатаздаса хIайранлъи загьир гьабуна дица.

– Библиотекаялъул хъулухъазул цIияб формат гIумруялде бахъинабулеб буго «Культура» абураб миллияб проекталъул бутIа хIисабалда, «Хъизан» абураб миллияб проекталде гъорлъе уна гьеб.

Дагьабги цебе, 2020 соналъ нижеца гIахьаллъи гьабун букIана «Модельная библиотека» абураб Президентасул гранталда.

***Лъай щвезе бакI***

– Нижеца кIвар кьола лъималазул социализациялде, лъаялде гъира бугел ва жидерго махщалида тIад хIалтIизе гъира бугел хасал лъимал церетIеялъе шартIал чIезариялде.

Бихьулищ, библиотека бикьун буго зонабазде. Компьютеразул зал бухьараб буго хехаб интернеталда. Гьелдаго аскIоб буго сакъатал лъималазе санагIалъиялъул зона: пандусалги ругеб батIаго жанибе лъугьунеб бакI, коляскабазда ругезе рекъезаризе бегьулел столал. Гьенибго буго берзул ва гIинзул загIиплъи бугезе хасаб компьютер, гьелдаго цадахъ гьелда хурхараб литератураги. Гьебго зоналда жаниб проекторги интерактивияб экранги бугеб мультимедиялъулаб бакIги буго, гьениб киназего рес щола киноялъухъ ралагьизе, бакъназухъ гIенеккизе, хIатта синтезаторалда бакъналрачинегицин. Гьединго, тIахьалги ругеб мультисенсорияб столги бугеб, лъималазул ва эбел-инсул хъизаналъулаб хIухьбахъиялъул бакIги буго гьениб. ЦIалдохъабазе рес буго бокьарабгIан заманаялъ интерактивиял програм-



мабигун хІалтІизе. Унго-унголъунги, гьеб ккола цогидаздаса батІияб цІалул лаборатория.

Грантазда гІахьаллъиялъ нижее рес кьуна, библиотека техникаялдалъун хьезабизе гуребги, гІолохъанаб ва чІахІияб гІелалъе цІалдезе санагІатаб хасаб ахІвал-хІал гІуцІизеги.

### *Къадруялъул гІаламат*

Коллективалда бугеб хасаб гьава-бакъалъул бицунаго, Разият Джалиловналъ гьеб рокъоб букІунелда данде ккуна.

– Дие кІвар бугеб жолъун ккола хъизаналъул щулалъи цІуни. Гьедин букІана дир эбел-инсул хъизаналда ва дир хъизаналда, – ян абуна гьелъ, гІадатияв гурев чигун араб жиндирго гІумру ракІалде щвезабулаго. Гьелъул рос Гьарун Къурбанов вукІана гІун бачІунеб гІелалъул рухІияв насихІатчи.

– Дуца гьикъулеб буго нижеца кин хъизан гІуцІцІарабилан. Гьарунги дунги цо концерталда дандчІвана. Гьес аскІове вачІун саламгицин кьуна. Доб мехалда дун Орелалда Культураялъул Институталъул Москваялъул филиалалда цІалулей йикІана ва аспирантураялде ине анищазда йикІана. Росасе ине ракІалдацин букІинчо. Гьесул кІодоэбел рагІи босизе дир эбелалъухъе ячІиндалги, дица дун цІализе кколилан абуна. Ригьнаде ин дида гІумруялъ къайи-свери данде бачуней йикІуней чІужугІаданалъул гІумрулъун бихьулаан. Амма гІумру батІияб къагІидаялъ сверана.

Нижер гІадатияб хъизан букІана. Гьарун хІалтІулев вукІана Каспийскалда медицинаялъул диспансералда терапевтлъун, дун – библиотекаялда. Дие тІахьазде рокьи ирсалъе щун батизеги бегьула – эбел йикІана хІалтІулей росдал библиотекаялда.

РакІбацІцІадго абуни, дида кколеб букІинчІо дир хъизаналъулаб гІумру гьадигІан талихІаблъун букІинилан. ГІемераб мехалъ лъимал гьечІолъи букІана цохІо рекІеда хъатІулеб.

У, дол соназ нижер нижерго рукъги букІинчІо. Цин ниж рукІана гьесул эбел-эменгун гІумру гьабун. Якьад хІалтІилей йикІана мугІалимлъун, вакьад философиял гІелмабазул

кандидат, гIалимчи, журналист, гIемерал соназ «Народа Дагестана» журналалъул редактор.

Нижеца нижерго гIумру гIуцIана гIицIго хIажатаб жоялдалъун гIей гьабун, квартираби ккун, харжалдаса харжалде гIумру гьабун. РакIалда буго гIаммаб азбаралда цо рукъ босидал нижерго букIараб талихI. Гьенир гьаруна нижее урхъарал лъималги.

***Пикрабазул ва рекIел асаразул гармония***

– ГIицIго росасул гIакълуялъ рес кьуна нижее хъизан цIунизе, – ян бицана Разият Джалиловналъ. – Ниж цадахъ талихIал рукIана. Амма дида бичIчIулеб букIана дун гIадатияв гурев чиясда цадахъ йикIин. Гьес гIумру гьабулеб букIана жинцаго хIухьел цIалеб куцалда, сундасаго хIинкъичIого. Гьев халкъалъул ополчение гIуцIулеб мехалъги вукIана киналго лъугьа-бахъиназул бакьулъ. Гьес хъвана терроризмалъул ва экстремизмалъул хасият къватIиб чIвазабулел кьварарал макъалаби. Гьес кьварун какулаан коррупционерал ва ришватчагIи, жинцаго гIуцIцIараб республикаялъул телевизионныяб каналги аналитикияб централде сверизабун.

– Дагъистаналъул тарихалъул, маданияталъул, диниял суалазул, экстремизмалъул, информалатазда рагIуе эркенлъиялъул хIакъалъулъ гьесул монографиял рукIана гIорхъолъа ун кIвар бугел, – ян халат бахъинабунеб буго Разият Джалиловналъ. – Гьарунида лъалаан чанго мацI, рахъулаан берцинго суратал, машгъуллъулаан спорталдеги. Дица гьесул, лъади гурейги, гьалмагълъун йикIине хIаракат бахъулаан.

Гьарун Къурбановас тIокIлъигун лъугIизабуна мединститут, заочно цIалана тарихияб факультеталда, очно аспирантураялда, МГУялъул докторантураялда, цIунана философиялъул докторлъиялъул диссертация. Дагъистаналъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министрлъун вукIаго гьес ургъулеб букIана пачалихъиял информалатазда реформаби гьариялъул план. Хадув гьев тIамуна Дагъистан Республикаялъул президентасул пресс-хъулухъалъул нухмалъулевлъун. МухIу ГIалиевасда бихьана гьесулъ гIажаибаб политикияб гьунар. Гьев вукIана гьеб хIалтIуе мустахIикъав чи. Гьес гIуцIцIана лъабкъоялда анцIго улкаялде эфир кьолеб телеканал РГВК.

***Гьев абадиялъго хутIана...***

Щибаб лахIзаталъ жиндир гIумру хIинкъиялда гъоркь букIин лъалеб букIарабдай гьесда? ЛъачIого букIине рес гьечIо. Гьесда цIакъ лъикI бичIчIулеб букIана республикаялда захIматаб ахIвал-хIал букIин.

– Дида ракIалъ бицунеб букIана. Дие бокьун букIана дицаго гьев цIунизе...

Гьев хун хадуб дир рекIелъ рещтIана гъваридаб пашманлъи. Лъималаз къойил йохизаюлей йикIаниги. КIудияв вас АхIмад, яс Аминат, гьитIинав ИсмагIил – гьезул релълъинха инсуда. Аминатица тIокIлъигун лъугIизабуна ДГУялъул экономикияб ва тарихалъул факультетал, гьей росасда йиго.

Дир руго кIиго лъималазул лъимал, Гьарунил эбел-инсул руго кIиго васасул лъималазул лъимал. Нижер васаз 25 ва 23 сон бана. АхIмадица лъугIизабуна ДГУ, гьев вуго Москваялда Востоковедениялъул институталъул аспирант. ГьитIинав хIалтIулев вуго республикаялъул гостиницабазул секторалда.

***Ана гIумру. Амма Разият Къурбанова мугIрузул улка чIаголъилилан хьулгун ялагьулей йиго букIинеселде. Гьелъул хьул буго гьеб Гьарун Къурбановасе бихьизе бокьун букIараб къагIидаялъ тIегьан бачIинилан...***

***ГIайшат Тажудинова***



Гульнара
Гусманова

# «Инсул рагIи нижее букIана къанун»

***Гульнара ГIусманова хIалтIулей йиго Дагъистан Республикаялъул тIадаб медицинаялъул страхование гъабиялъул территориалияб фондалда гъеб гIуцIаралдаса нахъе. ЗахIматаб, жавабияб хIалтIул квал-квал гъечIо гъелъие бетIергъанчи разияй лъадилъун ва кIиго ясалъул йокъулей эбеллъун йикIине. Жиндиего эбел-инсул рокъоб щвараб, кьварараб тарбия кьолеб буго Гульнараца ясазеги.***
***Гульнара ГIусмановналъ журналалъе бицана щийлъун яхъине анищалда гьей йикIараяли, щай чIахIиял лъималазде гьитIиназеяздасаги кIудияб кIвар кьезе кколебали ва щай жиндирго тIоцебесеб цIалиялда рекъон хIалтIизе лъугьинчIеяли.***

***– Мун йиго тIадаб медицинаялъул страхование гьабиялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель. ГьитIинаб мехалда щийлъун яхъине анищ букIараб?***

– Дида абизе кIоларо гьитIинаб мехалъ щийлъунниги яхъине анищ букIанилан. Инсуе бокьун букIана дун тохтурлъун яхъине, амма дица хIукму гьабуна гьесул нухдасан ине ва финансистлъун яхъине (кIудияв вацас тIубазабуна инсул мурад ва вахъана хирурглъун). Инсул мисал дие кидаго букIана тIадегIанаблъун. Жиндирго захIмат бокьиялъул ва хIалтIуде бугеб жавабчилъиялъул хIасилалда гьев тIадегIанал хъулухъазде тIамуна. ГIагараб Табасаран районалда школаги лъугIизабун, эмен ана Москваялде дармилгун экономикияб университеталде цIализе. Байбихьана гIадатияв бухгалтерлъун, хIалтIана Дагъистаналъул потребсоюзалда, Курортторгалъул директорлъун, Территориалияб тIадаб медицинаялъул страхование гьабиялъул фондалъул директорасул заместительлъун, Дагъистан Республикаялъул мал-мулкалъул министрлъун, вице-премьерлъун.

***– Инсуца нуж кьварараб гIадлуялдайищ гIезарурал?***

– Нижеца эбел-инсул кIудияб адаб-хIурмат гьабулаан, гьезул ракIбакъвазе ва ццин бахъине бегьулеб жо гьабулароан. Инсул рагIи нижее букIана къанун. Нижер хьвада-чIвади рекIее гIолеб гьечIони, гьес щибго абизецин кколароан; цо бербалагьи гIолаан. Дида ккола доб заманалда киналго лъималазе тарбия гьедин кьолаанилан.

***– Цо кинаб букIаниги бергьенлъи щвани, гьес нуж реэдулел рукIаралищ? Абизин, цIалиялъулъ...?***

– Узухъда, эмен кьварарав вукIана, амма нижер щивасда лъалаан гьесул тIалаб ва ургъел, нижер бергьенлъа-



биги эбел-инсуца кIодо гьарулаан.

***– Эбел-инсул бицунеб бугелъул, щиб хъулухъ-пишаялъул гIадан йикIарай дур эбел?***

– Дир эбелалъул букIана бищунго кIвар бугеб хъулухъ – рукъалъул хIалтIи (гьимула). Нижее эбел, гIицIго гъансито цIунулей гурей, гIадатияб сордо байрамалде сверизабизе бажарулей, бокьараб къварилъи гьитIинабго пашманлъиялде сверизабизе кIолей, гьебги чай гьекъолаго тIагIинабизе махщел бугей, гIажаибго хинай, хIеренай, хIалимай сихIручIужу йикIана. Гьелъ гьедин гьабулеб буго жакъа къоялде щвезегIанги.

Нилъго эбел-эменлъун рахъараб мехалъ гурони бичIчIуларо кигIан гIемер рухIги жанги гьеб «хIалтIуе» кьезе кколебали.

***– РачIаха «хъизаналъул цIарал ахIи» халат бахъинабизе.***

– Ниж рукIана ункъоял: кIиго васги кIиго ясги. КIудияв вац вуго тохтур, дун – финансист, яц – судияй, гьитIинав вац – бизнесмен. Киназулго буго жидерго къайи-свери, хъизан-лъимал.

***– Нуж гIуна МахIачхъалаялда. ВатIаналдаса нуж тIечIого рукIине щиб букIаниги гьабулеб букIарабищ эбел-инсуца?***

– Узухъда. Щибаб риидал эбел-инсуца ниж Табасаран районалъул Ханаг росулъе ритIулаан, нижерго гIагарлъи, гIадатал ва мацI лъазелъун. Гьениса рукIана нижер кIудада ва дахIабаба.

***– Ахир-къадги лъанищ нужеда мацI?***

– Лъана, амма гьел сапаразул баракаталдалъун гуроха (елъула). БакIалъул лъималазе бокьун букIана гIурус мацI лъазабизе. Ва риидал ниж гьезул мугIалимзабилъун лъугьунаан, гIаксалда букIине кколеб мехалъ. Амма заманалдасан дида лъана мацI ва эркенго кIалъазе кIола.

***– Нужерго лъималазда малъулеб бугебищ?***

– Малъулебилан руго. Жакъасел шартIазда цIакъ захIматаб букIаниги. Амма дир хьул къотIун гьечIо (гьимула). Дие цIакъ бокьун буго гьезда жидерго рахьдал мацI лъазе ва гьел гьелда кIалъазе.

***– Дурго лъималазул хIакъалъулъ бице.***

– Дир йиго кIиго яс. КIудиялъ тIаса бищана экономистасул нух, гьитIинай йиго йикIинесей тохтур, гьей цIалулей йиго ДГМУялъул лечебный факультеталъул ункъабилеб курсалда.

***– Дурги ясазе тарбия къварарабищ бугеб?***

– Дида жакъа къоялде щвезегIанги кьолеб буго (гьимула).

***– КIудиялъегийищ?***

– Хасго гьелъие.

***– Щай?***

– Щайгурелъул, кIудияб лъимералъ рикIкIуна жалго жидедаго чIараллъун, хIалбихьиялъе мустахIикъаллъун, гIумру щибжояли цебеккунго бичIчIулеллъун, бокьараб ахIвал-хIалалда хьвадизе лъалеллъун. Амма нилъеда, гIемераб гIумру гьабуразда, бичIчIула: гьеб кинабго хIакъикъаталдаса цIакъ рикIкIад бугин. Дица хIаракат бахъула гьелъие хIакъикъияб нух батизе кумек гьабизе.

Ниж руго батIи-батIияб гIелалъул гIадамал, гIемераб жоялдехун нижер бербалагьи батIи-батIияб букIуна. Амма заманалдасан лъималазда бичIчIула эбел-эмен ритIарал рукIин. Нижеца гIорхъаби гIицIго кепалъе гурелъул чIезарулел. Нижее бокьун букIуна лъималаз нижер гъалатIал такрар гьаричIого рукIине, гьезул гIумру нижералдаса лъикIаб, бигьаяб, талихIаб букIине. Гьедин, ахиркъадги ниж рачIуна гIаммаб пикруялде.

***– РачIаха дагьаб дур хIалтIул бицинин. Фонд гIуцIаралдаса нахъе йиго мун гьений. Гьелъул магIна кколищ дуда дурго бакI батанилан абураб?***

– У, дир талихI ккана дун гьеб Фондалде хIалтIизе ккей. Дида хехго бичIчIана дун дунго йикIине кколеб бакIалда йикIин. Дир тIоцебесеб лъай букIана педагогикияб. Дица лъугIизабуна школалда цебесеб лъай кьеялъул факультет, лъималгун хIалтIизе йигин йикIана. Амма, цIали лъугIулаго бичIчIана гьеб дир иш гуреблъи.

Фондалде ячIиндал, дида хехго бичIчIана дида диего рекIее гIолеб махщел батараблъи. Фондалда нижеца гьабулеб кинабго хIалтIи буссараб буго нилъер республикаялъул гIадамазул мурадал тIураялде ва гьезие тIадегIанаб даражаялъул хъулухъ гьабиялде. Дица гьеб кинабго хехго босана. ТIадежоялъе, дида сверухъ рукIана цIодорал гIадамал, лъай бугел махщелчагIи, гьездасан дида гIемераб жо лъана. Узухъда, дица лъугIизабизе ккана финансазул факультет. Гьале, лъебергогIан соналъ рохалил асаргун хьвадулей йиго хIалтIуде.

***– Мун, якъинго, жидерго хIалтIи бокьулел, шамат къоялъгицин хIалтIуде рачIунезул цояй йиго.***

– БитIарабха! ГIумруялъулъ дие битI ккана. Дун талихIай чIужу йиго! Дие бокьула дирго хIалтIи ва дун гьание цIала ракIалъ, коллективги буго профессионалазул цIураб. ХIалтIудаса хадуб рокъоеги гIедегIула дун рохелгун – дирго хъизаналъухъе! Дир рукъ – дир хъала! АскIор руго дир гIагарал, божарал, дие бищунго рокьулел, къваригIиндал кидаго ратулел! Гьезие баркалаялъул асаралъул бугIун цIун буго дир ракI! ТIадегIанав Аллагьасде цо гьари буго дир: гIагаразе щулияб сахлъиги халатаб гIумруги.

***Гара-чIвари гьабуна***
***Руслан Бакъидовас***


Гульнара
МухIамадова

# Дагъистаналъул бертаби: сонги жакъаги

***Цодагьаб цебегӀан дискалда рахъарал дагъистаналъул бертаби хамиз къоялъ базаралдаса росизе бегьулаан. Гьелъухъ тӀубараб хъизанго балагьулаан: гӀадамазул гӀемерлъи, гьезул ретӀа-къай, кечӀ-бакъан, кьурди-хъаталъул бицунаан, берталъ ругел гӀадамазда гъорлъ лъалел-хъвалел ралагьулаан. Хадуб гьеб диск мадугьалзабазухъеги кьолаан балагьизе.***

Къого соналдасан бертадул бада-гъудур телефоналда жанибе ккана.

Гьанжеги ралагьула нилъ лъазего лъаларел чагӀазул бертабазухъ – амма гьанже рилсаздасан, блогеразул сторисаздасан, нусазарго чи валагьарал интернеталда ратулел халатал роликаздасан.

Гьелъго тӀамула пикру гьабизе, Дагъистаналда, нилъерго букӀа, чияр букӀа, бертаби кӀвар гьечӀого тунгутӀиялде. ЦохӀо цогидазухъ ралагьизе бокьиги гуро гьелъие гӀилла.

Бертин некӀого цохӀо хъизаналъул байрамалъул гӀорхъабаздаса къватӀибе ана. Гьеб буго, жамгӀият хисулеб бугеб куц жинца бихьизабулеб, маданияб лъугьа-бахъин.

Къого-лъеберго соналъ цебе машинаялда рекӀинаюн бахӀарай рокъое ячин, цӀакъго гӀорхъолъа арал чагӀазул букӀунеб жолъун букӀана. ГӀемерисеб мехалъ бахӀарайги бахӀаравги цого росулъа рукӀана, гьединлъидал росу чӀван бахӀарай бахӀарсул рокъое ячинги бертадул гӀадаталъул цо бутӀа букӀана. Хадубго бачӀинеб бахӀаралъул къайиги букӀунаан. СухӀматги лъабго къоялъ, дагьабгицин букӀунаан.

Гьанжейилан абуни, къайи бахӀарай ячӀиналде цебего бахӀарасул рокъобе щвезабун, гӀунцӀа-кӀутӀун букӀуна. Бертинги цо къоялда жанибго тӀубазабула. КӀиабилелъги букӀине бегьула, щивасул гӀадаталда рекъонха.

БатӀалъаби рукӀине бегьула анцӀ-анцӀ. Гьеб гуро аслияб. Культуријаб процесс хӀисабалда, бертин киданиги цо бакӀалда чӀчӀун букӀинчӀо – гьеб кидаго заманалда рекъон хисулеб букӀана. ГьабсагӀатги хисулеб буго.

Амма гьелъул буго, щиб хисаниги хисулареб, цо гӀаламат – дагъистаналда берталъе ахӀула гьеб хъизаналъул рохел гӀахьал гьабизе бокьарав щинав чи. ГӀагарал, божарал, росуцоял, классцоял, курссцоял, цадахъ хӀалтӀулел, мадугьалзаби, армиялда цадахъ рукӀарал, ракӀалдаго гьечӀого лъай-хъвай ккарал – киналго! КигӀан гӀемерав чи берталъ вугониги, гьедигӀан кӀудияб букӀуна сухӀматалъул рекӀее асар.

БукӀаниги, жакъасел бертаби цоцазда релълъарал ругилан абизе бегьуларо. Гьанже бокьараб тӀаса бищизе рес буго. Цере бертаби цого къагӀидаялъ унел рукӀарал ратани, гьанжесел бахӀараз кидаго ракӀалдаса унареблъун бертин гьабизе хӀаракат бахъулеб буго. АхӀула кьурдухъаби, махщел тӀадегӀанал тамадаби, къачӀала зал, биччала кӀкӀуй, бахӀаразде тӀаде пунхъула камитазул хъалал…

Бертаби тӀоритӀулеб бакӀалдегицин бербалагьи хисун буго. Гьаваялъул бухӀиялъ рахӀат хвезабулел





июлалъул бертабаз дагь-дагьккун кондиционераз гьогьомизарурал залазде нух бахъана. Цебе, берталъа рокъоре руссиндал, кванил тIагIамалъул ва бертин берцинго гIуцIцIиялъул бицунеб букIараб батани, гьанже – кигIан хIалхьи ва рахIат гьениб букIарабали бицине лъугьана.

Нижеца гара-чIвари гьабуна, санайил нус-нус хъизанал гIуцIцIулеб «Аль-Ферай» бертабазул залалъул нухмалъулей Гульнара Къасумовна МухIамадовалъулгун. Гьелъ бицухъе, бертаби гьитIинлъулел, хъизаназул жидерго байрамаллъун лъугьунел ругилан абураб хабар гьадингояб хабар буго.

«Кколеб букIуна нилъер кIудиял бертаби лъугIун унел ругилан. Амма гьеб гьедин гьечIо. Нижер буго Дагъистаналда бищун кIудияб зал ва гIемериселъ нижехъе рачIуна берталъе азаргоялдасаги чи ахIарал бахIарал. ГьитIинал тадбиразе, мавлидазе тIаса бищула нижер гьитIинаб 200 чиясе гIуцIцIараб зал. Зурмакъалигун, кьурди-хъатгун бертаби, аслияб къагIидаялъ, тIоритIула аслияб, кIудияб залалда ва гьезул къадар чанго соналъ гIодобе кколеб гьечIо».

Гьеле гьелъ бицунеб буго Дагъистаналда бертабазул бугеб ахIвал-хIал. Жакъа бахIаралги гьезул эбел-эменги, берцинаб зал балагьизе гурелги, бахIарасе ва бахIаралъе батIа-батIаго хIухьбахъиялъе рукъ, чIахIиял гIагаразе рукъ ва берталъе рачIаразе гIаммал санагIалъаби цIехезе рачIуна.

«Цебе берцинаб зал букIараб гIолаан. Гьанже санагIалъабиги къваригIуна. ГIемер цIехола генераторал ругищилан – гьебги риидала МахIачхъалаялда рекIее параха-лъиялда бертин тIобитIизе гьечIого гIолареб алат буго. Нижеца гьединал жалазул цудунго тIалаб гьабула ва гьелдалъун бертин гIуцIи ва бачи бигьалъизабула» – ян бицана Гульнара МухIамадовалъ.

Цоги гIажаибаб жо, кигIан кIудияб, берцинаб, къачIараб, бечедаб бертин букIаниги, ракIалда чIолеб батIияб букIуна. Бищунго ракIалда чIараб бертин кинаб букIарабилан гьикъидал, Гьульнара Къасумовналъ жаваб кьуна гьадинан: «Абизе бегьула гьаб





залалда гІемерал берцинал, чІухІарал бертаби рихьанилан: бищунго берцинал миллияб ретІел ретІарал номерал, гІажаибго берцинал тІугьдузул композициял, гІажаиблъизарулеб чирахъазул дандраял. Бищун ракІалда чІараб бертадул бицани, дида ракІалда чІана цодагьаб цебегІан букІараб, бищун талихІав бахІарав вукІараб бертин. РакІалде кколеб букІана гьесул гьимиялъ къалъизабун бугин сверухълъигойилан! Жиндирго рохелалъ гьес цогидаб кинабго къинабун букІана. МашаАллагь! Гьесда рекъон, киналго бертадул гІахьалчагІиги рукІана гьединалго талихІал. ТалихІал бахІарал – гьеле бищунго хирияб бертадул гІаламат, гьелда данде щибниги ккун бажаруларо».

Гьел рагІабаздалъун нижеда бичІчІана, щиб хисаниги, бертадул магІна добго хутІун букІин. ГІадамал берталъе гІицІго суратал рахъизе гІоло гуро рачІунел. Лъаларо, чанго соналдасан гьениб букІараб квенги цІа-рагІги гьезда ракІалда букІинебищали. Амма ракІалда букІине буго цогидаб шагьаралдаса щив вачІун вукІаравали, инсул гьурмада рохалил кунчІи, кІодоэбелалъул халатаб кьурди, зал цІурал гІадамазухъги ялагьун, эбелалъул талихІал берал... Гьединлъидалин бертабазе гІумруялдаги интерналдаги кІудияб кІвар кьолеб. Гьенир нилъго рихьизе бегьула. Кин наслаби хисулел ругелали бихьизе бегьула. Гьениб лъугьана гьанже заманалъулги цересел гІадатазулги дандчІвай. Хъизаназ, байрамалъул кІодолъиялъулъ, цересел чагІазда гъорлъ гурони букІунареб, гьуинлъи лъугьинабула.

Къого соналъ цере рукІарал дисказдаги жакъасел рилсаздаги, гьел тадбиразде нилъ нахъруссуна, чияр гІумру бихьизе гурел, нилъерабго ракІалде щвезабизе. Гьаб дунялалда щиб лъугьа-бахъунеб букІаниги, гІадамал цойиде ракІарулеб бакІ буго нилъер – Дагъистаналда бертин.

***Ася Абакарова***



Светлана
Зайковская

# ГIасруялъул рокьул цIураб ункъилбутIа...

***Цо кинабалиго араб гIумруялда Светлана Анатольевна Зайковская йикIун ятула лъалареб, гIемергьаркьазулаб ва гIемергьурмазулаб дунял рагьулей шагIир-романтиклъун. Россиялъул добцояб рагIалдаса бахъарай гьей ячIун йиго Дагъистаналде, мугIрул чIужугIаданлъун йикIине. Лъай-хъвай гьабе: педагог, Ленинкенталда бугеб МахIачхъалаялъул №35 гимназиялъул лъай ва тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместитель, волонтер... ва гIадатго – нижер Светочка!***

***– МугIрузул улкаялъулгун дур лъай-хъваялъул хIакъалъулъ бице.***

– Росасеги ун, дун Приморский краялдаса ЦIумада районалъул ТIасияб Гьакվари росулъе гочана. Гьеб мехалдаго дир педагогикияб лъай букIана ва хIалтIи гьечIого гIумру цебечIезабизеги захIмат букIана. Гьединлъидал 2000 соналъул риидал ниж Ленинкенталде гочана. Гьениб 35 гимназиялда хIалтIилей йиго унго-унгояй педагог, гIажаибай инсан Чакар Меджидовна Меджидова. Гьелъухъеги ун, дица гьеб школалъул коллективалда гъорлъ хIалтIизе хьул загьир гьабуна. Амма гьениб вакансия букIинчIо. Нахъе унаго дица, Приморск краялда тIобитIараб «ЛъагIалил учитель» конкурсалда тIоцебесеб бакI ккун букIанин дицайилан бицана. Чакар Меджидовналъ: «Дица цо жо ургъила, нуж кирего унге!» – йилан жаваб кьуна. Гьеб къоялдаса байбихьана Дагъистаналда дир мугIалимлъиялъул нух.

***– ЗахIматаб букIаниш цIияб бакIалде рургьунлъизе?***

– БукIинчIо. ГIолохъанлъиялъ жиндирабго босана... Я цIиял, лъаларел гIадамазул, я лъалареб мацIалъул дие квал-квал букIинчIо. Хадуй, хIалтIизе лъугьана... Сверун ругел кIудиял чагIазеги дун цIакъго йокьана. РакI рагьарай, аваданай йикIиналъ батила.

***– Дагъистаналда гIадатал цIуниялде кьола кIудияб кIвар. Бищунго сунца гIажаиблъизаюрай?***

– Узухъда, сабруялъ, сахаватлъиялъ, цоцазе кумекалъе гIедегIиялъ. Гьел дуе ахирисебги кьезе хIадурал рукIуна. Дагъистаналда дир гIагарлъи гьечIо, амма цIалдохъабазул эбел-эмен дие бищун гIагаралльун лъугьана. Дир гIумруялъулъ къварилъи кканиги, рохел бугониги, гьел кидаго аскIор ратана. Дагъистаналда гIадинал лъикIал гIадамал цоги кибниги гьечIо. Дие ракI-ракIалъ рокьана гьел. У, гьанже (хасго ковидалдаса хадуб) гIадамал цоцахъе цере гIадин хьвадулел гьечIо. Амма щибаб данделъи байрам буго ракIалъе. Дица рикIкIуна, гIолохъанаб гIелалъулгун цодагьал захIмалъаби ругониги, дагъистаниязулъа гIаданлъиги къадруги киданиги лъугIиларилан.

***– Мун, цохIо педагог хIисабалда гурейги, жамгIияй хIаракатчIужулъунги лъала гIадамазда...***




– ГIасруялъул ункъилбутIаялъ цебе Чакар Меджидовналъ дида бицана Дагъистаналда херазул рукъ бугилан (доб мехалъ дир гьалмагъзаби гьелда божулелцин рукIинчIо). Гьеб хIакъикъаталдаги буго ва гьебгощинаб заманаялъ дун гьелгун бухьеналда йиго. Дун гьение щола лъагIалида жаниб кIиго нухалъ – 1 октябралъ Херазул къо баркизе ва 9 маялъ Бергьенлъиялъул къо баркизе. Дицаги, дир цIалдохъабазги, гьезул эбел-инсуцаги гьезие хIадурула сайгъатал ва концерталъул программа. Ниж кватIани, гьезул ахIи бачIуна: «Нижер Светочка кий йигей? Лъимал щай рачIинчIел? – илан.

Дие гьеб хIалтIи лъидаго рагIичIого гьабизе бокьула. «Шагьаралда 50 школа буго, цохIо мун щай гьение хьвадулей?» – илан абулелги камуларо. Дие гьеб бичIчIизабизе кидаго захIмат букIана. Гьеб дир иш буго. Гьелдалъун лъугIана. Гьаб заманалда гурхIел-рахIмуялъулъ гIахьаллъизе бокьарал гIадамал цIикIкIунел руго. ЛъикI буго ракI-ракIалъ гьабулеб батани...

Бищунго ракI рази гьабулеб жо ккола, дир цIалдохъабаз кIудиял гIедалги гьеб иш гьоркьоса къотIизе тунгутIи. Пандемиялъул заманаялъ херазул рукъ къан букIана. ЖамгIиял гьундуздасан дида бихьана хамиз къоялъ гьенире пирогалги цIурачадалги рачIунел рукIин. КъучIбузда тIад цо дир вукIарав цIалдохъанасул бетIергьанлъиялда бугеб тукадул логотип «Лавина вкуса», – йилан хъван бугоан. Дида бичIчIана кинабго гIадада ккечIолъи...

***– Дур гьудуллъи буго МахIачхъалаялъул № 5 интерналъулгун. Кин унел нужер дандчIваял?***

– Гьеб лъай-хъвайги ккана Чакар Меджидовналъул баракаталдалъун. ТIоцебесеб июналда ва ЦIияб соналъул байрамалде ниж гьел лъималазухъе щола. Гьезул букIунеб рохел бицун бажаруларо! ЦIалдохъабазул эбел-инсуца гьабула гьелъие аслияб кквербакъи! Гьел зияратазухъ ралагьун чIун рукIуна гьел. Щуабилеб лъимерги гьабун декреталда йигей цо эбелалъ, заман батун, расанкIаби ругоан гьел лъималазе рукъун. Гье-

динал жал рихьидалги гъира бала гIумру гьабизе!

***– Нилъер гара-чIвариялъулъ дуца чанго нухалъ рехсана пандемия. Ленинкенталда кин гьеб букIараб?***

– Бигьаго букIинчIо. ТIолабго росу чIун хутIана. Ленинкенталда гIемерисез бетIербахъи гьабулеб буго даран-базаралдалъун. Дир цIалдохъабазул эбел-инсуеги рес букIинчIо базаралде рахъине, онлайн-даранги жеги букIинчIо. Нижее – учительзабазе ва цогидал хIукуматалъул хIалтIухъабазе – гьеб рахъалъ бигьа букIана: нижее харж щолаан...

Цо къоялъ дирго пишацояй ячIана, завуч хIисабалда, дида аскIое: «Нилъер цо цIалдохъанасул эбелалъулгун бухьен къотIана!» – йилан. Дица абуна: «Хехго кумек гьабизе ккола! Щиб лъалеб, кIудияб хъизан кванazaбизе рес гьечIого, депрессиялде ун ятизе бегьула...» – ян. Школалда гIуцIана штаб. Цо сордо-къоялда жаниб гьелда гъорлъе лъугьана учительзаби, рукIарал цIалдохъаби, спортсменал, эбел-эмен. Квен-тIех босана кколелдасаги цIикIкIун, цо азбаралъуре лъугьани, гьениб чанго хъизан батизе бегьулеблъиги хIисабалде босун. Нижеца гьанал ва хIажатаб къайиялъул кIудиял пакетал рикьана. ТIолабго росу борчIана. Дида бихьанщинаб баркалаялъул магIу... Нижехъа бажарана.

***– Гьаб заманаялъ гIемераб бицунеб буго лъималазе цIалдезе бокьулеб гьечIила, гьеб зуммаразул гIел бугилан. Профессионалияб бералдалъун кин дуда гьеб бихъулеб?***

– ЦIали буго кинабго! Лъимал гьаб заманаялъ унго-унголъунги хасал руго, эбел-инсудаги, гIемерисеб мехалъ, щибго гьабизе кIоларо. Кодобе телефонги кьун тола, жидеего квал-квал гьабичIого букIине. Лъиениги бокьун гьечIо хIалтIизе. МугIалимзаби мустахIикъал руго памятникалъе! Щайилан абуни: гIадатияб классалда рукIуна хасаб бербалагьи къваригIарал лъимал, щивасухъе балагьизе ккола нух...

Рохизе ккараб жо буго жакъа школалде гIажаибал гIолохъанал специалистал рачIунел рукIин. Нижер школалда хIалтIилеб буго кIудияб насихатчилъиялъул программа. Нижеца хIалбихьи бугев учителасда тIадкъала гIолохъанав учитель. ХIалбихьи бугез гIолохъаназда дневникалгун, тетрадалгун ва эбел-эменгун хIалтIизе малъула. ГIолохъаназ техникаялъул ва технологиязул рахъалъ кумек гьабула. Гьединаб рекъонхIалтIиялъ кIудияб хIасилги кьола.

***– Дуда гъваридго бичIчIулеб уго щив лъида цадахъ лъикI хIалтIизе вугевали... Лъималазул эбел-инсулгун кин унеб бугеб хIалтIи?***

– Лъазе ккола гIенеккизе ва рагIизе. Нижер хIалтIулъ гьеб чара гьечIеб шартI ккола. ДагIба-рагIи бугеб суал баккараб мехалъ, дандритIун гIодорги чIун, цоцазул бадиреги ралагьун, гьоркьоб лъезе ккола гьеб суал.

***– Ва ахирисеб суал. Къисматалъ Дагъистаналде ячиналъ дур гIумруялъе кумекищ гьабураб, квал-квалищ?***

– Дунялалда цоги кибниги батулароан дида гьаб хIикматаб мугIрузул улкаялда батараб. Пикру гьабе: дуе бокьун буго лъикIаб хIалтIи байбихьизе, дуе къваригIун руго гIадамал, моралиябгун материалияб квербакъи! Гьаниб гьеб кинабго буго! Гьаниб, кумек гьарарабго, дида кидаго рагIула гьадинаб жаваб: «БичIчIана, Светлана Анатольевна, гьабсагIат кумек гьабила!» Гьале гьадин бицунагоги дир берал магIил цIолел руго, гьаб ракьалде бугеб баркалаялъул асаралъул кутакалъ. Дида батIияб гIумру цебечIезабизе кIоларо. ГIадада гуро дун къисматалъ Дагъистаналде ячарай. Гьаб буго дир бакI!

*Гара-чIвари гьабуна*
*Аида Бабаевалъ*



Илья БЕРЕЗИН

# Султанат

**Илья Николаевич Березин (1818-1896) – Россиялъул востоковед ва профессор. ХIалтIана Казаналъул ва Санкт-Петербургалъул университетазда. Гьес лъазабулеб букIана тюрказул ва персазул культура, тарих ва археология; гьес турк мацIги кьолаан. 1842 соналдаса 1845 соналде щвезегIан гьес сапарал рухьана Бакъбаккул ва Кавказалъул улкабазде. Дагъистаналда вукIаго, гьесул хIукму ккана, Аварханасул яс, хъвадарухъан-декабрист А. Бестужев-Марлинскиясул «Аммалат-бек» (1832) абураб къисаялъул герой, машгьурай Султанатихъе щвезе. Гьеб асар цIалдолезда гьоркьоб гIорхъолъа ун машгьураб букIана, асаралъул кьучIалда художествияб, тарих тIубанго мекъи ккезабулеб, бицен букIаниги. Франциялъул романист Александр Дюмацаги хъвана ва 1861 соналъ къватIибе биччана «Sultanetta» абураб роман – гьеб аслияб къагIидаялда гIурус хъвадарухъанасул къиса хиса-сверизаби букIана.**

**Нижее гьаниб бицине бокьун буго Березин Султанаттун дандчIваялъул, гьесул «Путешествие по Дагестану и Закавказию» абураб тIехьалдасаги босун. Гьал хъвай-хъвагIаязул авторасда гьей йихьана херлъиялъул кьер чIвараб заманалда. Гьеб мехалъ шамхал Абу-Муслимица гIолохъанай чIужуги ячун, жийго тун йикIана Султанат. Гьедин гьабулаан доб заманаялъул бихьиназ, лъадул берцинлъиги гIолохъанлъиги ине лъугьиндал.**

«Низовой» абураб щулалъиялде щваралдаса дие бокьун букӀана Шамхаласул рукъалъул хал-шал гьабизе, амма рукъалъул хважаин рокъой гьечӀолъиялда бан, дица щибаб къоялъ нахъбахъулеб букӀана дирго сапар. Гьей гьечӀогоги бегьилаан рукъалъул хал гьабизе, амма дие цӀакъ бокьун букӀана, мина гуреб, жийго шамхаласул лъади йихьизе. ГӀажаибаб мурад, амма дир бакӀалда цогидав чиясулги гьединабго анищ букӀинаан, гьелда цӀар Султанат букӀин ва гьей «Аммалат-Бек» абураб къисаялъул герой йикӀин лъайдал.

Гьеб къиса цӀалараз – лъица цӀаличӀеб?! – гӀажаиблъи гьабизе буго Султанат, рос Шамхал Таргъуялъуласги рехон тун, шамхаласул рокъой Таргъуялда янгъизго гӀумру гьабулей йикӀин лъайдал. Дир беразда цебе гьеб ахӀвал-хӀалалъ Султанат дагьайги гӀажаибайлъун гьаюна, гьей йихьизе дир дагьабги гъира бана.

Амма, дир талихӀкъосиналъ, Султанат магӀарухъе ун ятана, жиндирго гӀагарлъиялъул чиясул зигараялъ. Дун нахъвуссине къоял хутӀараб мехалъ гурони тӀадюссунейги йикӀинчӀо. Гьеб мехалъ дица гьелъухъе «Низовой» щулалъиялъул таржамачи витӀана, Таргъу хъалаги хъалаялъул хважаинги рихьизе бокьун бугин, гьоболъухъ вачӀине изну кьейилан.

Султанатица байбихьуда жиндирго разилъи загьир гьабуна, амма хадуб пикру хисана ва, бетӀер унтун бугилан багьанаги батун, дун къабул гьавизе инкар гьабуна. Цинги дица ругьел битӀана, дун гьей сахлъизегӀан сапаралъ вахъинчӀого чӀелилан. Цодагьаб заманаялъ сихӀтунги йикӀун, Султанатица жиндихъе вачӀаян амру гьабуна.

Къо букӀана кьерхараб, бакъги накӀкӀазда нахъа бахчун чӀана, гьоркьо-гьоркьоб цӀадги щенелеб букӀана. Амма дие сундулго квал-квал букӀинчӀо. Хехаб чодаги рекӀун, цадахъ таржамачиги вачун, дун щвана Шамхаласул кӀалгӀаялда цеве. Ниж чуяздаса гъоркье рещтӀана ва, цебегоялдаса рагӀи кьураб къабул гьариялъухъ ралагьун, байбихьана гьеб бакӀалъул тарихияб цӀех-рех гьабизе.


*Таргъуялда Шамхаласул рукъ*

Шамхаласул мина Таргъуялъул тIасияб рахъалда гIадатияб гуреб къагIидаялъ бараб букIана: гьеб ккола рорхатал гордаз жанибе канлъи кьолеб бекIкIун ганчIил рукъ. Махил гъутIбуз сверун ккураб гьелъухъ къватIисахун ралагьани, гьеб цIакъго релълъуна европаялъул минаялда. БокIнилъ бугеб рукъалда цебе балконги бугоан. Аслияб кавуялда аскIоб туснахъ – ракьулъ бухъараб гванда, кваридаги ран такъсирчагIи жанире риччалеб; бусурбабазул кверщелалда гъоркь тамихIал рукIана гIемерго кьварарал.

ТIоцебесеб азбаралда, аслиябги кIиабилебги кавабазда гьоркьоб бугоан тIад чадирги чIвараб хIавуз, аскIобго цIахIилаб гамачI – Шамхаласул тахбакI, гьес жиндиего мутIигIал чагIазе хIукму къотIулеб ва хъулухъалде рачунеб. КIиабилеб азбаралда квегIаб рахъалда букIана ункъбокIонаб халатаб рукъ, жанибго цоги хIавузги бугеб. Гьелъул хаслъи буго Шамхалас Таргъуялда щвараб мехалъ император Пётр гьенив къабул гьавун вукIин. Гьанже гьеб рукъ тIубанго чIобого ва чIунтун бугоан, амма гьеб тарихияб хIужжаялъ гьеб цIунун буго гIадамаздасаги заманалдасаги!

Ахирги дун лъабабилеб нуцIида, ай Султанатица гIумру гьабун бугеб бутIаялде цеве щвана ва жаниве лъугьинехъин вукIана. Таржамачияс «Хазир-му» – хIадур ругищ? – илан цIехедал, дида рагIана хIехьезе кIолареб «тохта» — цодагьалъ чIа! Гьабизе жо букIинчIо: сабру гьечIолъиги къинабун, гьезул бакIа-баххари лъугIизегIан чIезе ккана.

Амма сабру гIемераб мехалъ гьабизе ккечIо: чанго минуталдасан дун Султанатихъе вачана. Цо гордухъан гурони канлъи кьолареб гьитIинаб, къваридаб рокъоб, бакъбаккул гIадаталда рекъон, чIарбиде рехарал ургазда тIад гIодоб чIун букIана кIиго рухIчIаголъи. Горда аскIой гIодой чIун йикIана мискинго ретIа-хъарай цо херай гIадан ва гьелда дандйитIун, цогидаб рокъобе балагьараб горда цее, рагIдукь гIодой чIун йигоан Таргъуялъул бика, Аммималат-Бекил рокьи, цIаргагIарай Султанат.

Дун жаниве лъугьиндал гьей, тIадеги яхъун, гIодое къулана ва кирханалъул гордел къвалалъ кIал бахчана. Гьелда тIаде рехун букIана, кинабниги ретIелги черхги бахчулеб махмаралъул шал. Амма дида халлъана кигIан гIолохъанал чIухIухъабаздасаги къечIеб чIурканлъи гьелъул сипаталъул.

БетIер борхидал, Султанатида нахъа бугеб гордухъан паркъана гIолохъанай, берцинай ясалъул гьумер. Гьобол вихьизе бугеб гъираялъ цIан ятила гьей гьение, Султанат йихьизе дунго гIадин.

Сверухъ валагьидал дида гьаб рукъ тIадегIанаб даражаялъул Шамхаласул чIужуялъе цIакъ мискинаб ва романалъул героялъе букIинего бегьулареблъун бугин ккана! ЧIарбиде рехун кIиго халичаги, къадада бан кIиго матIуги, цо кинабалиго ханжарги. Гьелдалъун лъугIана!

Дие кьуна бакI – гьеб букIана тIоцебесеб нухалда машрикъалъул этикет хвезаби. Дун гIодов чIана ва таржамачиясул кумекалдалъун кIалъана: лъарагI мацI цIакъ къадарго гурони лъалеб букIинчIолъиялда бан. Шамхаласул лъадигун дандчIвазе тIадчIей кинаб букIаниги къагIидаялъ ритIухъ гьабизелъун дица, дир умумул татарал рукIанилан гьереси бицана. Амма гьелъул пайда ккечIо. Султанатие дир аслуялъул ургъелго батичIо.

Цинги дица хIаракат бахъана Султанат цогидаб рахъалдасан гIажаиблъизайизе – лъазабуна дун «Машрикъалъул ракьазде сапарчи» вугилан. Амма гьеб тIадегIанаб цIарги, щибго асар гьабичIого, гьаваялде боржун ана.

«Гьей чӀужугӀаданалъе сунцаго асар гьабулеб гьечӀо, яги рекӀеда бакӀлъараб жо буго», – йилан пикру гьабуна дица ва гара-чӀвари бакӀалъулаб рахъалдехун буссинабуна.

– Дида ккола мун гьаний ракӀгъоларого йигилан. Годухъан бихьулеб ралъдал гӀажаибаб берцинлъини буго. Амма – гьаб щиб шагьар, щал гӀадамал!

– У, дун гьанже ракӀгъоларого йиго. Цебе, «Низовой» щулалъуда комендантасул лъади йигеб мехалъ, дие цӀикӀкӀун кеп букӀана: цадахъ ралъдахъе унаан, мугӀрузда тира-сверулаан, лъачӀого унеб букӀана гӀумру.

Гьелдаса хадуб гӀемер заман бахъичӀого, дун къватӀиве лъугьана. Машрикъалъул берцинлъиялъул хӀакъалъулъ дир тӀоцебесеб цӀех-рех тӀубанго битӀун ккечӀо: дица гӀемерал сапаразда цӀалун букӀана Машрикъалда берцинлъиги гӀолохъанлъиги хехго лъугӀулин, амма дун гьелда тӀубанго божулев вукӀинчӀо, гьанже разилъизе ккана сапарчагӀи ритӀун рукӀиналда. Султанатил 30-гӀан сон букӀана, амма гьелъул хӀалакълъараб гьурмада рихьулел рукӀана херлъиялъул гӀаламатал: цебе букӀараб берцинлъиялъул хутӀун ругоан чӀегӀерал бералги, рицӀцӀил гъотӀол гӀадаб чӀурканлъиги!

Узухъда, талихӀ къосараб ахӀвал-хӀалалъ квербакъун батила гьей заман щвелалде херлъиялъе: Султанатил рос Абу-Муслимица, гьейги рехун тун, гӀолохъанай чӀужу ячана. Янгъизаб гӀумруялъ ва лъалареб букӀинеселъ Султанат къваридго йикӀана ва дагь-дагьккун гьелъул сахлъи загӀиплъулеб букӀана. Султанатилгун гара-чӀвариялдасан гьелъул гӀакълуги тарбияги загьирлъиялъ, гӀумруялдехун гьединаб бербалагьи бугей чӀужугӀаданалда росасул ритӀухълъи гьечӀолъи ургъел гьечӀого хӀехьезе кӀолареблъи бичӀчӀана дида. Щиб лъалеб, Султанат ругьунлъизе бегьула жиндирго къварилъиялде! Амма гьабсагӀаталда Аммалат-Бекил рокьи цӀакъ къваридго йиго.

Шамхалил рокъоса къватӀиве вахъунаго, дида азбаралъур рихьана Султанатил лъимал: лъабго сон барай ясги, анкьгогӀан сон барав васги. КӀиябго лъимер букӀана цӀакъ кӀарчамаб ва цӀакъ чорокаб. Гьаниб гӀажаиблъи гьабизе бакӀги букӀинчӀо, риилъидалха.

ЦӀадалъ тӀадчӀун лъалъалеб букӀана Таргъуялъул ракь. Дун дирго, руччабазул къисматалъул хӀакъалъулъ, пикрабалъ гӀодове виччан «Низовое» щулалъуде вачӀунев вукӀана. Кида букӀаниги гьезул хӀакъалъулъ эллегия хъвазе ккола дица.

Щулалъуде щвараб мехалъ дида бицана Султанат дун къабул гьавизе нахъе къаялъе гӀилла: шагӀир Полежаевас, гьелъухъе щвараб мехалъ, Аммалат-Бекил рокьул хӀакъалъулъ гьикъун буго гьелда. Киназдаго лъалеб жо буго бусурбабазул культураялдаса «рокьи» абураб рагӀи нахъе бахъун букӀин. Султанатил ццим бахъун буго гьеб гӀакълу гьечӀеб суалалъ ва гьелдаса нахъе байбихьун буго гьалбал цӀакъ цӀодорго къабул гьаризе.

ГӀаммаб къагӀидаялъ босани, Султанатица гьабулеб буго гӀадатияб янгъизаб гӀумру, хирияв росас гьелъие мухьги цакӀ мукъсанаб гурони кьолеб гьечӀо.

Дида кӀочон букӀинчӀо таржамачиясдасан Султанатихъе индал дой гордухъ паркъарай ясалъул цӀех-рех гьабизе. Гьелда цере ругел ясазул цояй йикӀин ва Шамхаласул гьитӀинав вацасул рокьи ккарай яс йикӀин лъана. Амма Абу-Муслимица изну кьун гьечӀо гьесие гьей ячине, къадруяб тухумалдаса гьечӀолъиялда бан.

*(1850)*



Борис БЕРГЕР

# МугIрузул кечI

Бертинги гьабун данделъизе дицаги Мун Таняцаги хIукму гьабидал, нижеца, МахIачхъалаялъул Загородная къотIноб, гьитIинабго ахги цебе бугеб, рукъ ккуна. Гьеб шагьаралъул рагIалда бугеб рукъ, гIагарал чагIазул кумекалдалъун, учузго щвана. Лъим азбаралъуб, тIорччол печ, нижеца «Корея» журналалдаса суратаз къачIараб, цебесеб рокъоб букIана.

... Шагьаралъул бакьулъе, лъелго ани, щвезе бегьулаан 40-50 минуталде. Интернет, компьютер, телефон, щибнигми букIинчIо. БукIана кIиго автобус – 9-абилеб ва цоги кинабалиго.

ЛъагIалидасан нижее гьаюна яс. Гьаб хабарги гьелъул хIакъалъулъ букIине буго: дир яс Алисал ва ВатIан кисан байбихьулебали.

1987 соналъул 23 августалъ хъизанги больницаялда енгизаюн, дун вилълъана гьитIич чвердезабизе раса босизе. ГIемер ургъичIого дица 8 гъурщиде чармил раса босана, 26 гъурущги кьун пластмассаялъул босизе бегьулеб бакIалда. Нахъе хутIараб 18 гъурщиде 10 шиша чIагIдал босана расаги чуризе, нервабиги гIодоре риччазаризе. Кумекалъе вачIана Максим Гребешков-Гольденберг – музыкант, доб заманаялъ МахIачхъалаялда машгьураб «Поле Чудес» группаялъул цевехъан.

Дунялалде вачIине вугев цIияв инсанасухъ ралагьун чIеялда цадахъ, нижеца пикраби дандралел рукIана. РакIалда буго, доб лахIзаталда дир букIана нилъеца лъимал гьарулел ругин бацIцIадаб эгоизмалдалъунин абураб пикру. Нилъеца гьезие гIумру кьолеб, гьел риччалел руго гьаб цIакъго камиллъи гьечIеб, гIазаб-гIакъубаялъул цIураб дунялалде. Нилъеца гьезие гIумру кьола, хвезе рукIинги лъалаго. Щайгурелъул нилъее рокьи бокьун бугелъул. Нилъее бокьун букIуна нилъеего рокьизе ва нилъее бокьун букIуна нилъ рокьизе. ЦIияб рухIчIаголъиялъе эбел-эмен рокьула кутакалда, жалго кIочон. ГьитIинаб бараб букIуна кIудиялда. Гьедин хIалтIула дунял, нилъее бокьун букIуна нилъго халатрахъинаризе ва нилъерго халатбахъиналда нилъго рокьизе.

Гьеб кинабго чIанда гьоркьоб къотIизабуна шамат къоялъул радал бахъараб телефоналъул гьаракьалъ. Дун векерана больницаялде. Гьенив,

дунго гIадин, лъадудасан хIасилалъухъ валагьун чIун вукIана цо залимав магIарулавги. Дир лъадул хIасил цебе ккана. Кесаревоги гьабун, гьаюна нижее яс.

– Ясалдаса гамачIго лъикI, – илан абуна цере лъабго яс йигев магIарулас. Дун эменлъун вахъана. Дунял хисана ва гIадатияб гуреб магIнаялъул цIуна.

Нижеца ясалда Алисайилан цIар лъуна, дунял хIикматазул ва гIанкIазул цIун букIинги хIисабалде босун. РакIалда буго, МахIачхъалаялъул ЗАГСалъул хIалтIухъаналъ, эбел-эмен машгьурал рукIине кколин абураб хIужжаги бачун, нижер ясалъе кIиго фамилия кьезе инкар гьабидал, дир кутакалда ццин бахъун букIин.

– Ниж машгьурлъизе руго! – ян ахIдолев вукIана мехтарав ва талихIав дун, дирго чIужуги нечезе гьаюн. Ва байбихьана цIияб гIумру.

МоцIица хьвадана нижеда баркизе гIемерал гIадамал. Гьеб букIана гьоркьоса къотIи гьечIеб байрам. Дун грузчиклъун хIалтIулев вукIараб «Причал» кафеялъ ва живго ТоргМорТрансалъул директорас кванил нигIматазул сайгъатал ритIун рачIана. Нижеца столги тIибитIун, гьалбал къабул гьаризе байбихьана. Баркизе рачIаразда гьоркьор рукIана МухIамад МухIамадовги гьесул бащдаб театрги, Намруд Басриевги гьесул бащдаб театрги, Путерброталги, Бройтманалги, Бачинскиялги, Чейшвиллиялги, Муслимовалги, Гьаруновги, МахIатовги, Джемалалил цIаралда бугеб училищеялдаса гьудулзабиги, хIатта Боря Гребенщиковгицин (Россиялда иноагентлъул рикIкIунев – ред.) – доб мехалъ жиндирго къокъагун МахIачхъалаялда хьвахьвалев ва жеги киназдаго ракIалда бугеб машгьураб «Аквариумалъул» концерт кьезе хIадурулев вукIарав.

ГIурус театралъул режиссер Леляновалъ ва гьелъул рос, гьебго театралдаса артист Данилевичас малъана нижеда лъимер чвердезабизе. Ва гьел киназего, гьел гIадамазде соназдасан «Салам!» кьезе бокьун буго дие, щай гурелъул гьаб хIажуж-мажужалъул цIураб дунялалда бищунго къиматаб жо ккола нилъер гIагарал ва хириял гIадамаз нилъер рекIелъ кколел рокьул чIинкIиллъаби... Кир ругел нуж, гьудулзаби!

Нижеца моцIалъ кIодо гьабуна Алиса гьаюраб къо, гьеб кинабго лъугIана нижерго гордазда гъоркь кIудияб байрамалдалъун – мадугьалихъ азбаралда Марина Матаева росасе унеей йикIана, «Лезгинка» кьурдилеб букIана! Гьеб букIана божизе захIматаб ихтилат-кеп!

Ва лъагIел ун хадуб гьоболлъухъ вачIана дир вацгIал Игорь. Гьев цевего вукIана кIудияв бизнесмен ва, 1987 соналъул МахIачхъалаялда гIумруялъул халги гьабун, гьес гьикъана: «Дуда жеги кидалъагIан гьаниб гIумру гьабизе ракIалда бугеб?» – илан. – Валлагь, Алиса хьвадизе байбихьараб мехалъ, – ян жаваб кьолаго... – Кие?.. Школалде? – ян гьикъана гьес. Ва кIиго моцIидасан ниж ана Львовалде, цIияб, жигараб гIумру байбихьизе.

Алиса Львовалде щвана лъагIел бараб мехалда ва ана украинаялъул лъималазул ахикье, хадуб школалде, бицана бацIцIадаб украин мацI. Алиса гIуна некIсияб Львов шагьаралда, гIажаибаб заманалда, рокьул ва эркенлъиялъул ахIвал-хIалалда, басрияб дунялалъул сордо-къоялъул меседил нуразда гъоркь. 1995 соналъ ниж рахъана Германиялде, дир эбел-инсухъе, гIумру гьабизе, Алиса ана гимназиялде цIализе. Гьелъул хIасилалда немец мацI лъугьана гьелъул рахьдал мацIлъун. Гьелда жеги лъала гIурус мацI, амма украин мацI бичIчIулеб гурони гьечIо.

1960-абилел соназда Польшаялъул цо гIалимзабаз хъвалеб букIана эмиграциялъул психологияб стрессалъул даража данде ккквезе бегьулин концлагералда бараб чанго соналдайилан. Гьанже бичIчIана дида гьел ритIарал рукIин. У – янгъизлъи, у – мацI, у – чияр дунял, ва бералъул

сетчаткаялда кквезе кIоларо хирияв чиясул сипат ва лъугIи гьечIого байбихьула магIу чвахизе, ва жеги гIемераб, батIияб, къваридаб ва талихI къосараб, бакъ тIерхьунаго батIа гьабизе кIолареб... бакътIерхьингицин батIияб букIуна гьаниб.

Дун ана Москваялде. ХIалтIизе. Дирго «Запасной выход» издательство гIуцIцIулев вукIана. Доб мехалъ дун гIумру гьабун вукIана Ленинградалъул проспекталда хъвадарухъабазул минаялда жанив, цадахъ хIалтIулеб заманялъ гIумру гьабизе дихъе кьураб Андрей Георгиевич Битовасул квартираялда. КIудияб, гIатIидаб квартира, цо тIалаялъ тIадехун Фазиль Искандер, цо тIалаялъ гъоркьехун Белла АхIмадулина. Алиса каникулазул заманалда дихъе ячIунаан. Ниж гIемерал тира-сверулаан доб гIажаибаб Москваялда, унаан выставкабазде, клубазде, вечеринкабазде, цинги рокъоб нижеца цадахъ къасиквен гьабулаан, кино-ялъухъ яги мультфильмазухъ ралагьулаан.

Цо къоялъ Алисахъе ячIана гьелъул гьитIинай яцгIал Лена ва гьел гIодор чIана «Покахонтас» абураб мультфильмалъухъ ралагьизе. КIияйго яс, Алиса ва Лена – бащдаб кореялъулал – гIажаибго релълъун рукIана мультфильмалъул героиня индейцазул ясалда. Гьениб букIана цо лахIзат: Покахонтасица аслияв героясда, чияр ракьалдаса гамида вачIарав хъахIав чиясда гьикъула: «Гьорол гьаркьаздалъун МугIрузул кечI ахIизе бажарулищ дуда?» – йилан. Гьев абизе жо лъачIого хутIула. Цинги Алисаца Ленада абула: «Дида лъала гьеб кечI, дун гьаюна мугIрузда, – Лена гIажаиблъана, узухъда, дунги гьединго: – Дуда кисан гьеб лъалеб?» – ан гьикъана дица. «Эбелалъ бицана дун МахIачхъалаялда гьаюнилан, дие цIакъ бокьун буго гьение щвезе, гьеб бугелъул дир ВатIан. ВатIан – бичIчIулищ нужеда?» «Кутакалда бичIчIула», – ян жаваб кьуна дица ва тIубараб сордо ана гьелъие Дагъисталъул хIакъалъулъ бицунаго: дун гIумру гьабун вукIараб Уркарахъалъул хIакъалъулъ, МахIачхъалаялъул хIакъалъулъ, порталъул цIулал причаладасан бохдулги Каспий ралъдалъе риччан, хIокIалгун цадахъ кунеб гIурччинаб гIечул тIагIамалъул ва гIемераб цогидалъул.

Анкьидасан дица Алиса Шереметьево-2 аэропорталдасан Германиялде тIойитIулей йикIана. Дир гьудул, гIурус хъвадарухъан Слава Курицынги вукIана Алисагун цадахъ воржунев. Паспортазул контролалда лъана Алисал паспорталъул болжал лъугIун букIин. Гьеб букIана Германиялъул сапаралъул паспорт. Алисае букIана 13 сон. Гьелъ щаклъи бижизабун, таможняялъ хIукму гьабуна цIех-рех гьабизе. Щий гьей гьитIинай, къваридал беразул, немцазул сапаралъул паспорт бугей яс? Курицын виччана, Алиса сурав босизе ккуна.

– Мун щий, яс? – ан гьикъана кьварарай таможенныялъул хIалтIухъаналъ. Сурав босулебгIан заманаялъ гьелъул гьаракь гIодобе биччаралдаса рекIедаса ун ахIдеялде гIагарлъулеб букIана зама-заманалдасан. – Дун ккола Алиса Бергер-Мун. – Дур миллат щиб? – Дуца лъимералъе кьолел суалал щиб? – илан мехтарав Курициница байбихьана разилъи гьечIолъи бихьизабизе ва гьев довехун вачун уна. – Дун йиго бащдай кореялъулай, бащдай жугьутIай. – Дуца гIумру киб гьабулеб бугеб? – Германиялда. – Щай? – Нижер гьениб «вид на жительство» буго. Дун цее Львовалда йикIана гIумру гьабун ва ккола Украинаялъул гражданка. – Гьаниб МахIачхъалаялъул печать щайха бугеб? – ян гIайиб гIунтIизабизелъун ахIдана чIужугIадан.

Алиса, гIодоеги йиччан, гьурмада европаялъулаб гьимигун чIужугIаданалъун бадие ялагьана. – Щайгурелъул гьеб дир ВатIан букIун. Дуда ВатIан щибжояли лъалищ? Дуда гьорол гьаркьаз ахIулеб МугIрузул КечI рагIанищ?

***Недавно объявили победителей конкурса стипендий Президента России для аспирантов и адъюнктов. В их числе и аспирантка Сеченовского медицинского университета Аида Гаджиахмедова. Она выпускница 4-й школы Махачкалы. Университет окончила с отличием, была старостой курса, а теперь продолжает учиться в аспирантуре в этом же вузе. Сфера ее научных интересов – кардиология. Аида Нурмагомедовна уже работает как исследователь в Институте персонализированной кардиологии под руководством профессора Филиппа Копылова. Мы поговорили с ней о возможности использования искусственного интеллекта в медицине.***



# ИИ – только помощник!

***– Как можно использовать искусственный интеллект в кардиологии?***

– Представьте себе алгоритм, который за секунду анализирует миллионы кардиограмм – врач не прочитал бы столько и за всю жизнь. При этом ИИ не устаёт, не отвлекается и видит мельчайшие изменения, которые человеческий глаз просто не способен различить. Вот в этом – сила искусственного интеллекта. ИИ – это математические модели, которые находят скрытые закономерности там, где врач видит просто «ровную линию». Мы не пишем для них правила: «если зубец выше 5 мм – ставь диагноз». Вместо этого мы показываем нейросети тысячи примеров, и она сама учится отличать больное сердце от здорового.

***– Может ли случиться, что ИИ заменит врачей?***

– Нет. ИИ умеет быстро анализировать данные, но не будет отвечать за пациента. За ошибку никто не сможет привлечь к ответственности ИИ, а врача – да. К тому же компьютер не чувствует человека, не видит его целиком, не слышит жалоб. Поэтому ИИ – только помощник врача.

***– Расскажите о реальных внедрениях именно вашего Института. Что уже работает?***

– Наш институт разработал и зарегистрировал уникальный портативный электрокардиограф – он называется «КардиоКарта», весьма компактный, помещается на ладони. Пациент прикладывает два пальца к устройству, и через минуту алгоритм

выдает заключение. Главный прорыв в том, что по простой электрокардиограмме нейросеть рассчитывает сложные показатели сократительной функции сердца – раньше их получали только на УЗИ.

Точность впечатляет: систолическую дисфункцию алгоритм определяет с точностью 91%, а диастолическую – до 96,5% . Уже провели масштабный скрининг в Татарстане – проверили 15 000 человек с помощью двух наших запатентованных алгоритмов. Это позволяет выявлять скрытую сердечную недостаточность ещё на ранней стадии.

***– А есть примеры, когда нейросеть помогает даже без кардиограммы?***

– Есть. На платформе RetinAIcheck мы анализируем фотографию глазного дна. Сосуды глаза – это зеркало всей сосудистой системы человека. Нейросеть видит признаки поражения сосудов за годы до того, как у пациента случится инфаркт или инсульт. Это позволяет выявить людей с «маскированной» гипертонией, которые даже не подозревают о своей болезни.

***– Возможно ли, чтобы искусственный интеллект помог избежать лишних вмешательств в организм?***

– Да. В нашем Институте персонализированной кардиологии разработана технология виртуального ФРК (фракционного резерва кровотока). Раньше, чтобы решить, нужно ли пациенту ставить стент, врачи заводили тонкий датчик-проводник прямо в коронарную артерию – это инвазивная процедура, требующая госпитализации. Теперь достаточно сделать компьютерную томографию сердца с внутривенным контрастированием – это малоинвазивная амбулаторная процедура. На основе этих снимков ИИ строит точную 3D-модель сосудов и с помощью гидродинамических расчётов определяет, насколько серьёзно сужение нарушает кровоток. Врач получает чёткий ответ: необходим ли стент или достаточно лекарств. Всё – без лишних рисков и лишних дней в больнице.

***– А как же точность? Вдруг нейросеть ошибается?***

– Конечно, вероятность ошибки есть. У любого теста есть ложноотрицательные и ложноположительные результаты. Поэтому наша стратегия – непрерывный цифровой контур. Это значит, что алгоритмы не заменяют врача, а только подсвечивают «красным» опасные случаи. В Татарстане, например, после ИИ-скрининга из 15 000 человек отобрали группу риска и отправили на дообследование уже к кардиологам. ИИ не говорит: «у вас болезнь», он говорит: «этому пациенту нужно уделить внимание».

***– Заглянем в будущее: что изменится через 5-10 лет?***

– Массовый скрининг станет всеобщим. Портативные ЭКГ уже есть в современных фитнес-браслетах и смарт-часах, а следующий этап – оснащение портативными ЭКГ с искусственным интеллектом сельских фельдшерско-акушерских пунктов (ФАПов). Даже если нет кардиолога под рукой, умный алгоритм сам расшифрует запись и подскажет, кого нужно срочно отправлять в больницу. А сам прибор настолько компактный, что его можно брать с собой на дом к лежачим пациентам. Причём такие устройства, как наша «КардиоКарта», уже доступны для личного пользования – любой желающий может купить прибор и снять ЭКГ дома, без записи к врачу и очередей.

***Но скрининг – это только первый шаг. Мы движемся к созданию «цифровых двойников» сердца – это компьютерная модель вашего конкретного органа, на которой врачи смогут пробовать, «проигрывать» разные сценарии лечения: поставить стент или просто дать таблетки? Сработает ли препарат? Как изменится кровоток?***

***Однако при всех сверхвозможностях ИИ последнее слово всегда – за человеком, за доктором.***

***Беседовала Гульнара Асадулаева***

Геннадий МАРКИН



# Встреча

(в сокращении)

***В основе этого рассказа лежит реальная история Магомеда Эфендиева, юного лезгина из с. Ашага-Цинит, который провел в Ясной Поляне под опекой Льва Толстого 4 года. Он был бездоказательно обвинен в участии в убийстве по кровной мести, которое произошло в его селе, и отбывал наказание в г. Крапивне. Толстой взял его на поруки, мальчик подружился с детьми писателя, они обучали его грамоте, учили рисовать, брали на охоту, а Магомед помогал по хозяйству и несколько лет был фактически членом большой семьи Толстых. Однажды приехал навестить его брат, и в честь почетного гостя по указанию сына Толстого зарезали барана, как принято на Кавказе. Впоследствии Магомед Эфендиев стал государственным служащим в Дагестане, писал картины, а также написал книгу «Я знал Толстого и его семью».***

***Автор рассказа Г. Маркин – майор внутренней службы в отставке, член Союза писателей России, краевед, знаток истории Тульской губернии.***

... В один из жарких летних дней глава города Крапивны Юдин и его помощник по хозяйственным делам Магомед Эфендиев выехали из Крапивны на железнодорожную станцию Щёкино.

– Сегодня, Магомед, я на станцию за почтой еду с тобой вместе, а ты внимательно смотри и всё запоминай. В дальнейшем будешь ездить один, мне с тобой ездить некогда, я занят другими делами, – трясясь в коляске и под топот конских копыт говорил Магомеду Юдин. – Паровоз с почтой из Тулы на станцию приходит один раз в неделю по четвергам утром. Ты будешь выезжать пополудни, чтобы всю почту уже успели разложить.

Магомед молча кивал головой, давая понять, что он всё понял, не переставая вожжами подстёгивать лошадь.

Получив на станции почтовую корреспонденцию, Магомед подошёл к Юдину, чтобы помочь ему сесть в коляску, но тот не спешил этого делать. Иван Григорьевич долго и внимательно смотрел куда-то вдаль, где по дороге, подняв пыль, к станции мчались два всадника. Вскоре они прискакали, при этом вначале один, с большой седой бородой, а чуть позже

и другой всадник, с небольшой аккуратной бородкой.

– Лев Николаевич, ну нельзя же так, в галоп-то?! – тяжело дыша, словно это он сам, а не лошадь, скакал галопом, проговорил второй всадник. Спрыгнув с лошади, он подбежал к первому, которого назвал Львом Николаевичем, и помог ему слезть с лошади.

– Ну, как тебе мой Делир? – весело спросил у второго всадника Лев Николаевич и ласково потрепал коня по щеке. Делир замотал головой и фыркнул.

– Лев Николаевич, вам же нельзя... дайте, я проверю ваш пульс, – при этих словах второй всадник взял Льва Николаевича за руку и стал смотреть на свои часы.

– Полноте, Душан Петрович, полноте! – проговорил Лев Николаевич, освобождая свою руку. – Всё это пустое. Я хорошо себя чувствую. А как тебе мой Делир? – улыбаясь, вновь спросил он.

Душан Петрович посмотрел на лошадь Льва Николаевича и молча развёл руками.

– Имею честь приветствовать вас, Лев Николаевич, и рад видеть вас во здравии, – проговорил Юдин и, сняв картуз, слегка склонил голову.

– Ах, это вы, уважаемый Иван Григорьевич, и я рад встрече с вами, – ответил Лев Николаевич и, сняв белый картуз, также склонил голову.

– Давненько, Лев Николаевич, у нас не бывали-с, – произнёс Юдин.

– В скорости, Иван Григорьевич, собираюсь посетить Крапивну. В аккурат после Петровского поста приеду по делам службы.

– Окажите милость, Лев Николаевич, личным посещением вашим ко мне. Супруга моя Лизавета будет очень рада встрече с вами.

– Непременно, Иван Григорьевич, непременно. А кто этот юноша, что стоит подле вас? – спросил у Юдина Лев Николаевич, указывая на Магомеда.

– Этот юноша – лезгин из далёкого горного дагестанского села, – ответил Юдин.

– А как же он попал сюда?

– Сейчас он мой помощник по хозяйственным делам, а до того находился в городской тюрьме.

Лев Николаевич с интересом посмотрел на Магомеда, а затем вновь повернулся к Юдину.

– А по какому же делу находился под стражею? – спросил он.

– По делу об убийстве своего земляка, – ответил Юдин.

– Вот как! – неопределённо произнёс Лев Николаевич. – А сможет ли он общаться на русском языке, если я поговорю с ним?

Юдин кивнул головой и повернулся к Магомеду.

– Магомед, с тобой хочет поговорить великий русский писатель Лев Николаевич Толстой. Он известен всему миру, – обращаясь к Эфендиеву, проговорил Юдин.

Магомед стоял молча. Он слышал о Льве Николаевиче Толстом. О нём много раз говорили арестанты, с которыми Магомед находился в тюрьме. Они рассказывали друг другу о том, что есть такой писатель, граф Толстой, который часто помогает арестантам, защищает их права, выступает защитником на суде. Знал Магомед и о том, что Толстой помогает простым людям, таким же бедным, каким был и он. От тюремных стражников Магомед знал о том, что писатель Толстой написал такие книги, которые читают люди во всём мире. И вот теперь, увидев лично писателя Толстого, Магомед растерялся и стоял молча.

– Знаешь ли ты грамоту? – спросил у него Толстой.

– Нет, – ответил Магомед.

– А хотел бы научиться грамоте? Хочешь ты научиться читать?

– Да, очень хочу, – ответил Магомед, хотя раньше об этом не задумывался.

Из здания вокзала вышел Душан Петрович, неся в руках сумку с письмами.

– Можно и в обратный путь, Лев Николаевич, – проговорил он, закрепляя сумку к лошадиному седлу. – Только умоляю, Лев Николаевич, не гоните в галоп.

Толстой повернулся к Юдину.

– Поклонитесь, Иван Григорьевич, от меня Елизавете Петровне и передайте детям вашим от меня пожелание доброго здравия, – проговорил он.

– Благодарствую вам, Лев Николаевич, будем счастливы ожидать вас в гости, – ответил Юдин и вновь снял картуз.

Попрощавшись с Толстым и его доктором Маковицким, Юдин и Магомед выехали в Крапивну.

Прошёл месяц. На барских угодьях и крестьянских полях созревали хлеба, и люди готовились к уборочной поре, когда Юдин вызвал к себе Магомеда. В кабинете, кроме главы города, находились начальник тюрьмы Воронцов, уездный исправник Галунский, полицейский надзиратель Воскресенский и, к своему удивлению, Магомед увидел Льва Толстого.

– Магомед, Лев Николаевич просит нас отпустить тебя с ним в Ясную Поляну обучаться грамоте, – проговорил Юдин, когда Магомед вошёл в помещение.

– Я очень хочу научиться грамоте, – проговорил Магомед.

– А не сбежишь ли ты, любезнейший, из Ясной Поляны к себе на родину, в горы? – спросил у Эфендиева исправник.

– Нет, не сбегу, – твёрдо проговорил Магомед. – Мне нельзя домой, меня там ждут мои кровники, они убьют меня за смерть своего брата.

– Вот! Это то, о чём я вам говорил, – глядя на всех, произнёс Лев Толстой. – Я служил на Кавказе и хорошо изучил черкесов. Магомеду нельзя возвращаться ещё лет десять, да и потом не всё ясно, что там может с ним произойти. Уверяю вас, господа, этот юноша из Ясной никуда не сбежит.



*Магомед Эфендиев*

Полуденный зной усилился. Над скошенными хлебами, греясь под тёплыми солнечными лучами, громко щебетали птицы. От лёгкого дуновения ветра благодарно кивали своими тёмно-лиловыми головками красавицы-фиалки. Шелестя листвой, с деревьев падали спелые наливные яблоки и, ударившись о земную твердь, лопались, разнося по округе свои душистые ароматы. Из-за речки, со стороны Калинового луга, к Старому заказу медленно плыли воздушные паутинки, но, заблудившись в Абрамовской посадке, находили себе пристанище на пожелтевших от ранней осени деревьях.

Возле скотного двора пахло лошадьми, от свежего навоза поднимался пар. Магомед убирался в конюшне, когда туда вошёл Лев Толстой. Он прошёл в денник к Делиру и дал кусок сахара. Стоявшая в стойле лошадь, вытянув губы, аккуратно взяла протянутый сахар и, завертев мордой, начала его с хрустом жевать.

– Когда идёшь к животным, нужно всегда захватывать с собой хлеб или сахар. Животные, как и все живые существа, любят ласку, а за вкусный кусочек всегда оплачивают добром, – проговорил Лев Николаевич, поглаживая лошадь по загривку. – А что, Магомед, нравится тебе у нас в Ясной?

– Да, Лев Николаевич, нравится, – ответил Магомед.

– Ну, тогда готовь лошадей для прогулки, – приказал Толстой.

... Прошло уже больше месяца с тех пор, как Магомеду разрешили проживать в Ясной Поляне. Жил он вместе с дворовыми людьми и выполнял работу по хозяйству, но в основном работал на конюшне с лошадьми. Общение с этими умными животными, уход за ними, их запах – всё это напоминало Магомеду его родной дом, где он, настоящий джигит, участвовал в лошадиных скачках, устраиваемых одним богатым его односельчанином. Свои навыки джигита Магомед хорошо показал и в Ясной Поляне, когда ему доводилось охранять помещичьи угодья.

«Теперь караул строгий, так что не только лесом или хлебом, но и за орехи и грибы мужиков ловят. А прежде за водку любых дров нарубить можно было», – говорил однажды Лев Николаевич жене Софье Андреевне, отзываясь о работе Магомеда.

Старшие сыновья Льва Николаевича всегда брали Магомеда с собой на охоту, да и сам Лев Николаевич часто брал Магомеда с собой на конную прогулку.

Проскакав галопом вдоль леса, Лев Николаевич и Магомед осадили лошадей и перешли на шаг. Вскоре, поднявшись на пригорок, остановились. Лев Николаевич долго смотрел куда-то вдаль, в поля, а затем повернулся к Магомеду.

– А как, Магомед, идёт твоё обучение грамоте?

Магомед вспомнил, как он долго не мог запомнить в азбуке буквы, и вместо ответа густо покраснел.

– Надо стараться учиться, – как-то задумчиво проговорил Лев Николаевич. – Если обучишься грамоте сам, то это есть только ступень, на которую должно становиться для того, чтобы идти дальше. Если взялся за дело образования, то осуществить его нужно не меньше, чем в масштабе всей России. Ведь народ безграмотен, живёт в темноте.

– А если я не смогу в этой темноте светить так, как это должен делать настоящий учитель? – глядя на Льва Николаевича, спросил Магомед.

Толстой повернулся к нему и внимательно взглянул на него своим пронзительным взглядом.

– Каждый человек – алмаз, который может очистить и не очистить себя. В той мере, в которой он очищен, через него светит вечный свет. Стало быть, дело человека не стараться светить, но стараться очистить себя, – проговорил он и, пришпорив коня, поскакал в сторону усадьбы. Время прогулки заканчивалось, наступало время работы.

Четыре года прожил в Ясной Поляне Магомед Эфендиев, и все эти четыре года он помнил сказанные Толстым слова о ступенях, достигнув которых человеку необходимо идти дальше. Помнил о вечном свете, который может светить только тогда, когда человек очистит себя.

Эти слова он шептал в 1910 году, когда со слезами на глазах шёл со станции Козлова Засека за гробом своего великого учителя. Они гулким эхом отзывались в горах Дагестана, куда после революции вернулся Магомед обучать грамоте детей, – вернулся, чтобы светить. Потому что так завещал ему его великий учитель Лев Толстой, с которым он, простой неграмотный лезгин Магомед Эфендиев, однажды случайно встретился на проезжей дороге у станции Щёкино.



# Храбрая пленница и благородство императора

***В те годы, когда горцы сражались за независимость, в рядах мюридов надев мужскую одежду, воевала девушка Таймасха Гехинская (Молова). Она родилась чеченском селении Гехи. Её отец всю жизнь мечтал о сыне – наследнике, продолжателе рода. И когда на свет появилась дочь, он дал ей мужское имя – Таймасха (или Таймасхан), словно пытаясь самой судьбе доказать, что этот ребёнок будет достоин носить имя воина.***

***Девочка росла, и имя действительно стало пророческим. Таймасха впитала в себя силу и волю предков, характером и отвагой не уступая лучшим джигитам. Но настоящая война ворвалась в её жизнь, когда погиб её единственный горячо любимый брат. Ей тогда было всего шестнадцать лет. Горе и жажда мести переплавились в решимость – Таймасха взяла в руки оружие и ушла в отряд мюридов.***

В традиционном чеченском обществе война всегда считалась мужским делом. Женщины оставались в тылу, ухаживали за ранеными, растили детей. Но Таймасха нарушила все правила. Она облачилась в мужскую одежду, встала в строй и очень скоро доказала, что место ей – в первых рядах.

Таймасха великолепно знала военное дело. Её отвага и тактический ум были настолько очевидны, что воины избрали её своим командиром. В течение долгих десяти лет она успешно возглавляла отряд мюридов.

15 апреля 1842 года в Ингушетии, близ реки Большая Яндырка, отряд под общим руководством Ахбердил Мухаммада (впоследствии знаменитого наиба имама Шамиля) принял бой с превосходящими силами противника во главе с подполковником Сулимовским. В том бою сражалась и Таймасха со своим отрядом.

Силы были неравны. Отряд Сулимовского при поддержке регулярной милиции одержал победу. Таймасха попала в плен. В рукопашной схватке она была тяжело ранена ударом вражеской сабли в голову, получила два пулевых ранения, а ноги её были несколько раз проколоты штыками.

Но даже в таком состоянии Таймасха не сдалась. Почти потеряв сознание, она стояла перед врагом, готовая к смертельному поединку, сжимая в одной руке кинжал, в другой – шашку. Говорят, солдаты боялись к ней подойти и просто стояли в онемении перед вконец обессилевшей девушкой. Только когда она упала без сознания на окровавленную землю, противники решились приблизиться.

Пленных отправили во Владикавказ. Там в военном журнале сделали запись о пленении Таймасхи. Этот журнал, повествовавший о каждом сражении на Кавказе, вскоре попал в руки императора Николая I. Имя Таймасхи было ему знакомо – о ней уже ходили легенды.

Император отдал приказ доставить пленную чеченку в Петербург. Таймасху привезли в столицу под казачьим конвоем. Николай I спросил пленницу: «Если я отпущу тебя на свободу, ты прекратишь войну?». И Таймасха, глядя в глаза императору, ответила: «Войну начал и ведёшь ты. Если ты её прекратишь, то и я прекращу воевать».

Дерзкий ответ не разгневал монарха. Напротив, он был восхищён мужеством и достоинством этой женщины. А императрица подарила храброй чеченке золотую цепь, усыпанную жемчугом.

Таймасха провела в Петербурге три недели. 4 октября того же года она была доставлена в Ставрополь, а затем – в крепость Грозную. Несмотря на то, что родное село Таймасхи было недалеко, домой её не отпускали. Она обратилась с прошением, в котором сообщала о своём желании вернуть подаренную ей императрицей золотую цепь и получить из казны её стоимость.

Эта просьба вызвала большой переполох среди кавказского начальства и дошла до императора. Он распорядился оставить цепь у Таймасхи и выдать ей из казны 200 рублей. В конце концов ей было разрешено вернуться в родное село Гехи.

Документы, повествующие об этой храброй женщине, до сих пор хранятся в Государственном историческом архиве в Тбилиси. Таймасху Гехинскую помнят в ее народе, о ней пишут статьи, книги, снимают сюжеты.

***Подготовила Гульнара Асадулаева***



*Фото Камиля Чутуева*



*Фото Казиахмеда Абдухаирова*

ИНДЕКС ПМ803

4 651116 280082

**Свободная цена**
**6 +**